ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№176 (22.084) ● 2011 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 20, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●
adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● УФ-м и Къэрал Думэм

Бюджетым и хэщІихэр зэблэгъэкІынымкІэ Іэмал лъэщщ

Фокіадэм и 21-м Къэрал Думэм и депутатхэр хэплъэнущ «2010 гъэм и федеральнэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам и Іуэхуклэ» законопроектым. Иджыблагъэ ди комитетым къызэригъэпэща зэІуцІэ щхьэхуэм а документым, дагъуэ пыухыкІахэр хуащІами, арэзы утехьэ хъуну къыщыдыятащ. Къэгъэльэгъуапхъэщ 2010 гъэм и федеральнэ бюджетыр щагъэзащІа лъэхъэнэр, финансым и экономикэр финанс кризисым къыщыхэкІыж зэманым зэрытехуар икІи, абы къыхэкІыу, бюджет политикэр нэхьыбэу зыхуэунэтІауэ щытар финансхэм, лэжьыгъэм я рынокхэм, экономикэм и Іэнатіэхэм кризисым пэщІэтыныкІэ яубзыхуэ Іуэхуэхэр щыгъэззэщІэнырт, социальнэ лэжьыгъэр къэмыгъэтІэсхъэныр. А зэманым Урысейм макроэкономикэ зэпІэзэрытынымгъэр къызэтригъэнэн, финансыр Іэнатіэр зэпІэзэрыту зэрихьэн хуэфІэкІащ. Нэгъэсауэ къагъэсэбэпащ лъэпкъ экономикэр, лэжьапІэ Іэнатіэхэм я нэхьыбапІэр здэщыІэ мылъку къыщалэжь Іэнатіэхэр зэпІэзэрыту гъэлэжьэныжьымкІэ хэкІыпІэхэр. А псоми я ФІыщІэкІэ Іэнатіэхэм ящыщу мылькушэу къэнар мащІэщ, лэжьапІэ Іэнатіэхэм щыщи зэхуащІыжакъым. Урысейм и экономикэр къэгъэщІэрэщІэжьынымрэ ар зэпІэзэрыту гъэлэжьэныжьымрэ я лъабжьэр 2010 гъэм ягъэтІылъауэ ящыпІэ хъунущ. А псоми я щІыІужкІэ къыхэгъэщхьэхухЫпхъэщ, лъэщу зызыужьа языныкъуэ къэралхэм къыщызэрыхъуам хуэдэу, ди щІыхуэм ират социальнэ дэІэпыкъуныгъэр зэрамыгъэмэщІар, уеблэмэ абы зэрызрагъэубгъуар. Бюджет Іуэхущапіэхэм щылажьэ Іэщ1агъэпІхэм ику иту ират улахуэр 2009 гъэм елъытауэ процент 11,3-кІэ кьаІэтащ, иужьрей илъэсипщІым елъытауэ пенсэхэри нэхьыбэу щытащ. ЖьыгъэкІэ ят пенсэр ику иту сом мини 8-м щІигъуащ.

Бюджетым и хэхъуэхэр зыщыгугъам проценти 5,5-кІэ щІигъуащ, хэщІихэр сом триллиони 10-рэ меларди 117,5-рэ хъуащ.

ДыІэзыщыгъуаззщи, илъэситІ лъандэрэ блэкІа гъэм и бюджетыр гъэззщІа зэрыхъуам Къэрал Думэр хопльэ къыкІэлыкІуэ илъэсищым я бюджетым и проектыр Правительствэм къыщыхилъхьэнут и пэ кьихуэу. Апхуэдэу щащІыр бюджетыр гъэззщІа зэрыхъуам гу лърагъэтэн, хэщІихэмкІэ статьяхэр зэрагъэзащІам къыркІуахэр нэрылъагъу къащІын, лэжьыгъэм ФІыуэ хэлъхэри ныкъусанытгъэхэри къагъэлъагъуэн папщІыщ. Абы папщІэ Къэзыбж палатэм Къэрал Думэм и пащхьэ щищІыну отчетым къыщыгъэлъэгъуа псори дэ Правительствэм и деж нэдгъэсынущ къыкІэлыкІыу іЫхъэхэнэм тещІыхьа бюджетыр щигъэхьэзыркІэ къилытэн папщІэ. Аращ бюджет отчетым и кьалэн нэхъыщхьэри. А щІыкІэм тету, блэкІа илъэсым и бюджетыр зэрагъэзэщІа отчетыр Іэмал хъарзынэу къоуэ къэралым и бюджет политикэр егъэлъэІуэныжьмкІэ, ар къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ. А псоми нэрылъагъуэ кьаІэт федеральнэ бюджетыр зэрагъэзащІам теухуа отчетым и мыхьэнэр. Иджырей отчетми, шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ иІэнущ 2012 гъэм, апхуэдэу 2013 - 2014 гъэхэм я лъэхъэнэм тещІыхьа федеральнэ бюджетым щытепсэлъыхьыкІэ. Къэралым а финанс документ нэхъыщхьэр Правительствэм Къэрал Думэм кьыхуигъэхьынущ жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу.

Бюджетыр зэпІэзэрыту икІи нэгъэсауэ гъэззщІэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу хъуащ абы еьхэлІа хабзэ мардэхэм я нэхъыбапІэр (110-м щыщу 90-р) и пІалъэм кьриубыдэу къызэращтар. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, ныкъусаныгъэ гъэрхэри кьыкъуэмыкІыу кьэнакъым. Бюджетым теуху законым зэхъуэкІынымгъэхэр хэлъхьэныр зэрыгуфам къыхэкІыу хэщІхэм ящыщ Іыхьэшхуэр къыщагъэсэбэпыну пІалъэр еплІанэ кварталым ядэын хуэт хъуащ. Ауэ нэхъыщхьэ дыдэр контрактхэр тхыныр илъэсым и кІэм зэрыналъэфэсыщ, бюджет ахъшэр зеэзыгъакІуэхэм ар къызэрагъэсэбэпыну щІыкІэр и зэманым яубзыхунымкІэ Іэмал псори яІэ пэтми.

Дызэрыт илъэсым УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм лэжьыгъэшхуэ зэфІигъэкІащ бюджет мылъкур илъэс псом зэхуэдэу тегуэшауэ къагъэсэбэпыным теухуауэ. Абы папщІэ ведомствэхэм эздай комиссэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщащ Банк нэхъыщхьэм, Финансхэмкіэ министерствэм и унафэм щІэт федеральнэ къулыкъушІапІэхэм я лІыкІуэхэр хэтУ. Абы щІэх-щІэхыуэ къызэрагъэпэщащ федеральнэ министерствэхэм кассэхэмкІэ планхэр зэрагъэзащІэр.

ВАСИЛЬЕВ Юрий,
УФ-м и Къэрал Думэм Бюджетымрэ налогхэмкІэ и комитетым и унафэщІ.

Ираным егъэкъуаншэ

Ираным дыгъуасэ щаубыдаш Инджылызым и Би-Би-Си телеканалым фарси бзэмкІэ иэтыныхэр щызыгъэхьэзыр журналистуэ тху.

Ираным и къэрал телевиденэм и сайтым къызэритымкІэ, ахэр ярубыдыным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Ислъам республикэм и Іей къэзыгъэльагъуэ икІи къэзыІуатэ нэтынхэр зэрыпхагъэкІар. А журналистхэм я щІэ-унэщІэр къРаІуэркъым.

Ираным и властым Би-Би-Си каналыр къагъэльэгъуэжыркъым. Ар ягъэкъуаншэ къэралым кьаугъэ кьыщаІэтын хуэдэу щыхуэхэр зэрызэщІагъэстымкІэ. Апхуэдэ кьаугъэхэр Ислъам республикэм щыІащ 2009 гъэм, президент хэхьныгъэхэр екІуэкІа нэуэкь.

Каддафи и увыпІэр

ЩЫдагъэ зыщэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм (ОПЕК) кьиныттащ Ливием и властыр зыІэрыхьа Льэпкь советыр (ПНС) Триполи и ЛыкІуэу кьаззрыхьыхьар законхэм къезэгъыу. Ар дыгъуасэ Дубаи щекІуэкІа энергетикэ форумым щыжиІащ ОПЕК-м и генеральнэ секретарь Абдалла Салем аль-Бадри.

Абы къызэригъэльэгъуамкІэ, ПНС-м ОПЕК-м щеубыдэ япэм Каддафи Муамар и режимым иныгъа увыпІэр.

ЩЫдагъэ зыщэ къэралхэм ПНС-р Ливием и власть нэхьыщхьэу кьилытэныем щхьэусыгъуэ хуэхъуащ ООН-м и Генеральнэ Ассамблеем мэремым ІэІэткІэ ар дунейпсо зэгухьэныгъэм зэпымыууэ хэтын хуэдэу зэрыхигъэхьар, абы япэм Каддафи и властым щиІыгъа увыпІэр щиубыдащ. А унафэр Ассамблеем щыдаІыгъащ кьэрали 114-м, кьэрал 17-м Каддафи и телъхьэу Іэ яІэтащ, 15-м ядакъым льэныкъуитІым языр кьыхахыну.

Дуней 70-м щІигъу

Тхьэмахуэ кІуам астрономхэм кьызэІуахащ ди Дыпэм и системэ щІыбагъкІэ щыІэ планетэ куэд, США-м и Моран кьалэм абыхэм щрагъэкІуэкІа конференцым щІэныгъэлІ гуп зыбжанэм кьыщагъэльэгъащ апхуэдэ экзопланетэщІэу 70-м щІигъу.

Псалъэм папщІэ, «Super WASP» зи фІэщыгъэщІэ щІэныгъэлІ гупым кьызэІуихащ планетэу 23-рэ. Ахэр псори планетэ абрагъуэкІэ зэджэхэм ящыщщ. Европэм и ипщІэ обсерваториеи щыІэ кьаугъэхэр Ислъам республикэм щыІащ 2009 гъэм, президент хэхьныгъэхэр екІуэкІа нэуэкь.

Каддафи и увыпІэр

ЩЫдагъэ зыщэ къэралхэм я зэгухьэныгъэм (ОПЕК) кьиныттащ Ливием и властыр зыІэрыхьа Льэпкь советыр (ПНС) Триполи и ЛыкІуэу кьаззрыхьыхьар законхэм къезэгъыу. Ар дыгъуасэ Дубаи щекІуэкІа энергетикэ форумым щыжиІащ ОПЕК-м и генеральнэ секретарь Абдалла Салем аль-Бадри.

Абы къызэригъэльэгъуамкІэ, ПНС-м ОПЕК-м щеубыдэ япэм Каддафи Муамар и режимым иныгъа увыпІэр.

Астрономхэм я конференц щІэныгъэм Урысейм и щІэныгъэлІхэм къызэІуахауэ кьыщагъэльэгъуар кометэ-хэращ. Ильэс 20-м нэблагъэкІэ абыхэм зы кометэщІи яІэгъуэтэкъым. Нэгъабэ дыгъэгъасэм астроном Еленин Леонид (Келдыш и цІэкІэ щыІэ прикладной математикэмкІэ институтым и щІэныгъэлІщ) кьиныгъэгъащ С/2020XI зыфІищ кометэр. Мы гъэм и бадзэуэгъуэм абырэ и лэжьэгъу Молотов Игорр кьагъуэтащ иджыри зы кометэ - P/2011 NO1 зыфІащар. Ар кьызэрагъуэтар ди республикэм щыІэ «ТАУ» астроном станцым и «Джигит» телескопращ.

■Осетие Инщэ Республикэм и къэрал гуфІэгъуэщ - 1990 гъэм къэрал щхьэхуит хъуащ.

■Нью-Йорк щызэхэтынущ ЩІыр кьум зэрыхьумрэ тхьэмыщкІагъэр гъэкІуэдыныгъэ зэрыпхыгъэ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм иригъэкІуэкІ зэІущІэ.

■Замбием парламент щыхахынущ.

■1862 гъэм кьызэІуахащ Санкт-Петербург и къэрал консерваториер. Ар Урысейм и япэ музыкэ еджапІэ нэхъыщхьэщ.

■1999 гъэм дунейм екьыжащ 1956 - 1985 гъэхэм Кьэбэрдей-Балькъэрым и Унафэщ1у щыта Мэлбахъуэ Тимборэ.

■1936 гъэм Бахъсэн ГЭС-р лажьэу яутІыпщащ.

Дунейм и щытыкІэнур:
«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ пшэ тельынущ, хуабэу махуэм градус 19, жэщым градус 16 щыІэнущ.

ПІалъэхэр зыльхьэзыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

● Дунейпсо зэпеуэ

Махуэ Билал зэрыбанэм кІэтъопль Истамбыл щыщІ адыгэхэр.

Фокіадэм и 12-м щыщІэдзауэ Истамбыл щекІуэкІа дунейпсо чемпионатыр вэсэпшьых призэхъащІыжащ килограмм 120-м нэс зи хьэпгъэгъэм я зэпеуэмкІэ. Абы дыкьыпи медалыр кьыщихьащ Махуэ Билал.

Билал пхъэидзэр хуэмэхуакъым

ДУНЕЙ ПСОМ щэнейрэ я чемпион ди пхъэхэгъур еплІанэу текІуэну хуабжьу дыщыгугъыт. Абы хуэфэщэуи Билал бэнэныгъэр иригъэжьащ.

Япэ дыдэ зэІущІэм Махуэм 1:0, 4:1-уэ хитъщІащ монгол пелуан Джаргалсайхъан Чулунбат. Абы нужькІэ къыпэува Армением щыщ Басиев Руслани зэрелІэлІэщ (1:0, 1:0) щыІэкъым.

Адэкіэ бэнэныгъэр нэхъ гуащІэт, сыту жьыпІэмэ етІанэтэ Лондон щекІуэкІыну Олимп Джэгуэм я лицензэр текІуэхэм яІэрыхьэнут. Абдежми къыщыкІуэтакъым Махуэ Билал. Алыдж Арзуманидис Иоаннис 1:0, 2:1-уэ текІуэри, бэнэкІэ хуитымкІэ килограммри 120-м нэс зи хьэпгъэгъэм я зэпеуэм ди къэралым щыщ Инджылызым зэрыкІуэнур къызэригъэпэщащ.

Финал ныкъуэм адыгэ щІалэм хьэрхуэрэгъу кьыщыхуэхъуащ азербайджан бэнакІуэ пъэрызехьэ Магомедов Джамаледдин. Абы кІэ къызэІуха хъуащ еплІанэ дунейпсо чемпионым зэрыхуэкІуэ гъуэгур.

Арщхьэкіэ, ар къэхъуну нухатэкъым. Япэрауэ, хьэрхуэрэгъу кьыхуэхъуэ белорус Шемаров Алексей Махуэм нэхъ къегугуэкІ дыдэхэм ящыщ щыт икІи иужьрейуэ ахэр щызэхуэзам кьытекІуат. ЕтІуанэрауэ, Билал и насыпыр къикІакъым. Япэ Іыхьэр щиухам пъэныкъуэхэр зэрызэтемыгъэкІуам кьыхэкІыу (хабзэм тету) пхъэидзэ ящІащ. Абы Шемаровым и щхьэм кьыщикІащ. ЕтІуанэ Іыхьэми бэнакІуитІми зы очкон кьахуэхьакъым икІи Іуэхур аргуэрым пхъэидзэм хуэзыІуащ. Аргуэрыжьыт, зи кІэн къикІар Махуэм и хьэхуэрэгъуэрыц икІи ар 1:0, 1:0-у текІуэуэ кьаІытэрп, дунейпсо чемпиону ягъэІуащ. Билал кьыптыльсар дьжьыкІэн кьыщикІащ. ЕтІуанэ Іыхьэми бэнакІуитІми зы очкон кьахуэхьакъым икІи Іуэхур аргуэрым пхъэидзэм хуэзыІуащ. Аргуэрыжьыт, зи кІэн къикІар Махуэм и хьэхуэрэгъуэрыц икІи ар 1:0, 1:0-у текІуэуэ кьаІытэрп, дунейпсо чемпиону ягъэІуащ. Билал кьыптыльсар дьжьыкІэн ныри. Ещанэ ушыпІэр зэдагъэшащ азербайджан Магомедовымрэ куржы Модзмашвилирэ.

- Нобэ сыкьыкъэзыхагъэщІамкІэ, кьуаншащъэр зыбгъэдэлъыр сэращ, - жиІащ иужькІэ Махуэ Билал. - Сызыщыгъхьыжащ, сегугъуэу зызгъэхъэзыракъым. КьызидикІащ ятІонэрэ ІэІэ, псомэ сефІэкІыфыну къыскъэлэ округым кьызэрыщызэІуахрэ илъэс нэхьрэ мынэхъ мащІэ хъуахэм. Зы щІыхуэ зыгъэ грантыр зэрыхьунур сом иныкъ 300-щ.

Зэхьэзэхуэм къигъэувэмрэ ягъэхъэзыр хуей тхыльхэр зыхуэдэмрэ 2011 гъэм щыщхьэІум и 11-м кьыдэкІа «Нальчик» газетым и №32-м кьытрадзащ, www.nailchik.sk-news.ru сайтым и «Зэпеуэхэр» щІыпІэм щызэбграгъэхащ.

ЩІыпІэ администрацэм сатумрэ зыхуэзэфІэкІыр мащІэ дыдэщ. Абы щыгъуэми, шэч кьытетхьэкъуэжьыр иджыри илъэс куэдкІэ и текІуэныгъэхэмкІэ дыззригъэгушхуэнум. Псом хуэмыдэу Билал дэ куэдкІэ дыщыщогугъ адыгэ бэнакІуэхэм 1948 гъэм яхуэгугъурла Олимпиадэр щекІуэкІа Лондон. Абы щыгъуэм Олимп чемпион хъуат Догу (ГъуэкІэ) Яшар. Нэхъ хьэлъэ дыдэхэм я деж Инджылызым дыжьынир кьыщихьат Джандемыр (Гугъэв) Адыл. Илъэси 8 дэкІри, Кьэптъэн (КІэкІы) Хьэмид Мельбурн дыщэ медалыр щызыІэригъэхьащ, кьыкІэлъыкІуэ Олимпиадэхэм (Римрэ Токиорэ) дыжьынри жэзри кьыщыхуагъэфэщащ. Аращи, бэнэкІэ хуитымкІэ нэхъ хьэлъэ дыдэхэм я зэпеуэр адыгэхэм ахуэмахуэу кьэпІльытэ хьунущ.

Мыгъэрей зэхьэзэхуэм кьрикІуахэм я гугъу щІыпмэ, Урысей Федерацэм нкІаХэм Истамбыл пашэ-ныгъэр щаубыдащ. Абы щызыІэрагъэхьа медали 10-м щыщу 4-р дыщэщ, 2-р дыжьынщ, 4-р жэщ. Фигу кьэдгъэкІыжьынщи, Махуэм и дыжьын медалым кьищынэмыщІауэ, Курамагомедов Заури алыдж-урым бэнэкІэмкІэ жэзыр кьихьащ. Ираным нкІаХэр етІуанэщ (дыщэу 4, дыжьыну 1, жэзу 2). Япониемрэ щыщхэр ещанэ хъуащ (3-0-2). А псом ищІыужкІэ, олимп лицензэу 18-м щыщу 12-р ди бэнакІуэхэм Тырку кьыщахьащ.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Чемпионатыр щекІуэкІ уардэунэм кьекІуэлІащ адыгэ, абхъаз куэд, лъэпкъ бэракъэр яІыгъыу. *Истамбыл, 2011 гъэ, фокІадэм и 18.*
Сурэтхэр **Къущхьэ Догъан** *кьытхуигъэхьащ.*

● Гъуэзджэ

Умыщхьэхмэ, сытри пхузэфІэкІынущ

Бзэм и къарур гъунапкъэ гуэрым деж щеух. АбыкІэ жьпІэну дызыхуейращи, гуп щыщІэр псалъэ гъущжкІэ кьыпхуэІуатэу щытамэ, щІыхур, бзум ехъуапсэу, уэрэдкІэ щІым зытрИэтыкІыну хэтынтэкъым. Абы щыхьэт тохъуэ Бетховен: «Макъамэм акъылымрэ псэмрэ я зэхуакум кьыщекІухь».

Нобэ зэман кьыдэзыгъахуэу «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым кьытхуебгъэга Гъэсашэ Наталье нэхърэ нэхъыфІу ар зыщІэ куэд ди республикэм и къыщІэкІынкъым. Гъэсашэр пъэпкъым и гъащІэм ахуэдизкІэ кьыптугуэкъыкъым, езым и кьекІуэкІыкІам и гугъу щищІкІэ, республикэм и гхъидэрэ уи нэгу кьыщІохьэ. Щыхуб гъагъуГъуафІэр, нэфІэгуфІэр зыри хуэмыныкъуэу, зэрыжаІэщи, гъащІэм и гъэфІэну кьекІуэкІауэ къыщыдыхьуми, Наталье пъэпкъхэр мымащІэми ихьыпІну кьыгуфхуащ икІи, зэрытгъагъущи, абыхэм кьызэфІагъэщІакъым. Ёзыр зыхуэІэзэм щІалэгъуалэр иригъасэу ар жьыджэру нобэрей махуэми хэтщ.



Гъэсашэ Наталье. *2011 гъэ*

Сыгъыным и пІэкІэ, занщІэу уэрэд жысІэн щІэздзащ

- Сэ уи хъыбар зэрызэхэсхар зи Іэщ1агъэм хэзыщыкІ уцІыхубз зэпІэзэрытуни, щІыхугъэшхуэ пхэлъуни. Зыгуэрым хуэІэзэм гу щІэбэ щІэу кьыщІокІ нэхъыбэм. Ёращи, нэхъ гъунэгъуу уэзэгъэщІыхуну, ди щІэжьыкІагъэхэр уи кьекІуэкІыкІам, уи гурыгъу-гурыщІэхэм щыгъэзащІу сыкъуенщ.

- НэхъаІэ сытым и гугъу пхуэсщІмэ нэхъыфІ-тІэ?

- Ущыщыкъуа зэманым кьышцедгъажьэмэ хъуну пІэрэ? Уи адэ-анэм, ужьыщыхъуэм я гугъу зэрэщІыну сыхуейт. Уи сабинитъуэм щыщу сыт фІыуэ унгу кьинэжар?

- Абы куэдрэ тетхыльащ, къапщтэмэ. Ауэ жьымыІэжа гуэр щыІэу пІэрэ? Сабинигъэм зихъуэжакъым сызэрытепсэлъыхь пъандэрэ (*мэдыхьэшх*). Сэ Тэрч кьалэм сыкьыщалъхуащ. «Папщэщ уэрэд жьпІэн щыщІэбдзар?» жаІэу журналистхэр кьыщыдзэупщІым деж, жьжьоІэ: «Сыкъалъхуа нужь, сымыгъэу, занщІэу уэрэд жысІэн щІэздзащ».

Си адэм дзэм кьулыкъу щищІэрти, ди унагъуэм и псэупІэр щІэх-щІэхыуэ ихьэжьырт. Хэку зауэшхуэм щыщІидзам Новороссийск дыщыІэт. Си анэм сабинищыр и гъуэсу Кьэбэрдеим кьигъэкІуэжащ, езыр зауэм хэкІуэдащ. Си адэр сщІэжьыркъыми, ар сигу кьоуэ.

- НэхъыжьыгъэкІэ удэтхэнэ сабийт?

- Сыкъратт, Шыптхэ нэхъыжь, Адэ и щІэу, сиІэт, ар егъэджакІуэ Тэрч щылэжащ.

- Сэри сыщыгъуазэщ Адэ егъэджакІуэ щІэрыІуэ дыдэу зэрыщытам.

- Ар иІъэсиблкІэ нэхъыжьт сэ нэхърэ. Сэ сыкурытт, сэ нэхърэ нэхъыщІэу дэлъу диІащ, Мурат и щІэу. Зауэр нухри, зэманри дэкІыжат, ауэ абы и лъэужьыр кІуэдыртэкъым - топышэу къэралым кьытракІуатам бжьитэ иІэтэкъым. 1951 гъэм си дэлъхум щІалэ щыкІунтІ и гъуэсу жэм ирІъэхурт. А жэмыр мыхъуамэ, шхын щхьэкІэ дыпІэнт. Арати, губгъуэм ит щІалэ щыкІуэхэм гъущ гуэр кьагъуэтащ. Абы епэщэгуэр, ар шэ кьэуэжу кьыщІэкІри, щыри иукІащ. Ар зэн жьыслэжа си гугъэкъым. Абы Тэрч псалъэмакъыщхуэ кьыщикІри, саперхэмрэ сэлэт гупрэ кьагъэкІуат лагъымхэр кьаатыхьуэу икІи кьэщ дыдэ кьагъэтат. Дэри ахэр губгъуэм кьызэрыщагъэуэжьым деплъырт.

(КІэухыр 3-нэ нап.).

● Іуэху щхьэпэ

Ди дежи къОС

Кьэбэрдей-Балькъэр къэрал университетым, нэгъуэщІ къэрал зыбжанэм я лІыкІуэхэр хэту, фокІадэм и 14 - 18-хэм щекІуэкІащ «Иджырей полимер композит лІэужьыгъуэщІэхэр» щІэныгъэ конференцым и VII зэхуэсыгъэр.

А ЗЭІУЩІЭР Фундаментальнэ кьэхутэныгъэхэмкІэ урысей фондым гъэ кьэс кьызэрегъэпэщ икІи абы кьрохьэлІэ полимерхэмрэ полимер композитхэмрэ елэжь щІэныгъэлІ нэхъ щІэрыІуэхэр. Конференцым и кьызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІ Урысей Федерацэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КьБКьУ-м и кафедрэм и унафэщІ Мыкітэтіей Абдулыхь. А комитетым хэтщ Мексикэм, Италием, Узбекистаным щыщ щІэныгъэлІхэр.

КьБКьУ-м и щІэныгъэлІхэм я советым и пэщым конференцыр кьыщыщІэзыІуахым кьызэхуэсасэм ехьэхьуащ КьБКьэрдей-Балькъэр къэрал университетым и проректор, профессор Савинцев Алексей. Пленар зэІущІэм и ужькІэ конференцым хэтхэм гупийуэ загушІри, я лэжьыгъэм пащащ.

Конференцым и щІэныгъэлІ секретарь, органическэ химиемрэ молекулэ льагэ пкъыгъуэхэмкІэ кафедрэм и профессор Хьэшыр Светланэ ищІа докладыр триухащ «Кавказкабель» заводым 2013 гъэм щегъжьауэ кьыщІигъэкІыну нанокомпозит продукцэм. Иджыпсту абы и технологиегу зэтрагъэувэ, гъэунэхуныгъэхэр иригъэкІуэкІ.

ГЪУКІАКЪУЭ Инал.

● Зэпеуэхэр

Хьэрычэтыщ1э ныбжьыщ1эхэм зыщ1агъакъуэ

Налшык и щІыпІэ администрацэм кьыхилхьащ щІалэгъуалэм я инвестиц проектхэр яІэзэщІан папщІэ субсидиехэр зратынуэр кьыщыхахыну зэпеуэ.

СУБСИДИЕХЭР кьыІах хъунущ студентхэм, еджапІэ кьыхьщхьэхэмрэ курытхэмрэ къэзыхуаэр илъэс 30-м нэс зи ныбжьхэм, хьэрычэтыщІэ Іуэхум хьыхащІэу е абы хэту ІэнатІэ мыинхэр кьалъхьащІу е ахэтУ ІэнатІэ мыинхэр кьалъхьащІу щІалэгъуалэм я абы хэту ІэнатІэ мыинхэр кьалъхьащІу щІалэгъуалэм я инвестиц проектхэр яІэзэщІан папщІэ субсидиехэр зратынуэр кьыщыхахыну зэпеуэ.

СУБСИДИЕХЭР кьыІах хъунущ студентхэм, еджапІэ кьыхьщхьэхэмрэ курытхэмрэ къэзыхуаэр илъэс 30-м нэс зи ныбжьхэм, хьэрычэтыщІэ Іуэхум хьыхащІэу е абы хэту

«2011 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэ ухуэным зыщегъэужьныр» республикэ программэ хэхам и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм шыщхьэIум и 8-м *№237-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ешI:**

1. «2011-2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм псэупIэ ухуэным зыщегъэужьныр» республикэ программэ хэхар (адзкIэ - Программэщ) кьэщтэм мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансэмкlэ и министерствэм (Бышэн А. А.) хуэгъэувын:

«2011 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр и Iуэхуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкlыныгъэхэр щыхалъхькIэ мы Программэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр кьиныгъэну;

Зыхуэфащэ илъэсхэм ятещIыхьауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щыгъэхалъхькIэ мы Программэм кьыщигъэува Iуэхуэхэр гъэзэщIэным текIуэдэну ахъшэр кьиныгъэну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьныгъэмрэ сатумкlэ и министерствэм (Мусуков А. Т.) хуэгъэувын мы Программэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и ахьшэ зыхухах республикэ программэ хэхахэм я ешхэкIэ гигъэхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщl
ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькум щыщ муниципальнэ мылькум пщIэншэу хэгъэхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм шыщхьэIум и 16-м *№245-ПП*

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькум щыщ объектхэр муниципальнэ мылькум зэрыкъагъэхьэ икIи муниципальнэ мылькум щыщ объектхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькум зэрыкъагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» 2002 гъэм гъатхэпэм и 6-м кьащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №15-РЗ-м ипкъ итIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ешI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал мылькум щыщу зи баланс уасэр сом 8071104,18 хьIхьэу мы унафэм и гуэдзэным кьыщыхьар муниципальнэ мылькум пщIэншэу хэгъэхьэным и Iуэхукlэ зыщегъэжьауэ и 16 хьуху Осетие Ищхьэрэ-Аланием и къалащхьэ Владикавказ щекIуэкIащ щытыкIэ кьыззрымыкIуэ хэм кьыхъуэтэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я дэ жьакIуэхэр хэжауэ щагъэхьэзыр «Бастион-2011» еджапIэ-практикэ курсхэр. Ахэр кьызэрэпэщыныкIэ жэрдэмэсхьэр Москва и Журналистхэм я зэгухьэныгъэрщ.

Фокlадэм и 4-м щегъэжьауэ и 10 хьуху Осетие Ищхьэрэ-Аланием и къалащхьэ Владикавказ щекIуэкIащ щытыкIэ кьыззрымыкIуэ хэм кьыхъуэтэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я дэ жьакIуэхэр хэжауэ щагъэхьэзыр «Бастион-2011» еджапIэ-практикэ курсхэр. Ахэр кьызэрэпэщыныкIэ жэрдэмэсхьэр Москва и Журналистхэм я зэгухьэныгъэрщ.

КАВКАЗ Ищхьэрэ Федеральнэ щыпащIэм, Осетие Ипшэм, Москва кьалэм я хъыбарегъащIэ Iэнатlэ хэм кьыкIаIуэр 50-м нызэрыкъэсырт.

Зыхъумэжьныгъэмкlэ министерствэм, ФСБ-м, МВД-м, МИД-м, МЧС-м, нэгъуэщI Iэнатlэ хэмэ я къару, гуащIэ зыхалъхьэ «Бастион» курсхэр 2006 гъэ лъандэрэ илъэсым хуэзэу Пlэу ирагъэкIуэкI. Ауэ ныдэщ абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и телеканалхэм, республикэпсо газетхэм, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэ хущIапIэм я лэжьакIуэ хэм ящыщ гуп щыхагъэхьар.

Ялэ махуэр хэзыгъэгъаязу щытащ. ТхьэмахуэкIэ екIуэкIыну еджэныгъэм хэтынуэм хухахар 58-нэ армэм и 19-нэ бригадэм и гарнизоным дэт хьэщIэщхэм ящыщ зырт.

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым «Бастион» курсхэм щIидзащ. Офицер хэм щэнхабзэмкIэ я унэм абыхэм къащыхуеджащ лекцэ зыбжанэ. Дерсхэр теухуат кьэхъыбащIэ шинагъэхэмэ, щытыкIэ кьыззрымыкIуэхэм журналистхэр щыхэхутэкIэ абыхэм кьахь хуэмэжбжьымэхэм зыпыIуадзыныкIэ, абы кьыдэкIуэри зыхуей материалэхэр корреспондентхэм зыIэрагъэхьэфу щытыныкIэ щыIэ Iэмалхэм тепсэлъыхьыныр.

Лекцэ хэм кьеджащ тхакIуэ, дзэм кьыхъэкIыжа полковник, террористхэм Шэшэным илъэс ныкIуэкIэ гъэру щыIыгъа Иванов Николайрэ Осетие Ипшэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ, полковник Дзюбэ Геннадийрэ. Ахэр тепсэлъыхьыхьауэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэ хэм терроризмым пэщIэтынымкIэ яIэ мыхьэнэр.

Щэнхабзэгъэхэм журналистхэр зэрыгъепсэлъэныхь щыкIэм елъытащ бзаджащIэ хэм закъыззэрыщыхьужыр, фэуэ зрапIуыжыр. Кьиптхэх хьэрфым, кьыжыкIэ псалъэм кьуэдзрельытар ахъыбатэмрэ, - жаIэрт дерсхэр езыгъэкIуэкIэхэм.

Шэджагъуэ нэужькьи дынэсыними сыт иIэж иджы!- жыIта кьудейуэ, гъуэгум и ижьырабгъу гъэныкьуэмкIэ кьыщыщыт мэзым, Iэуэлъауэшхуэ ирагъэщу, бомбэхэр зрагъэжьIэ:драгъуеиуэ, зи нэкIу хэр щIэхъума, автоматхэмкIэ зэщIэуэзда лIы «губжьа» гуп кьыззрыщIэкащ. Абы хэту журналистхэр дыззрыс автобусхэм я бжэхэр зэIужри, кьыпIэдахам ди нэхэр къымыпIэн щхьэкIэ зи щхьэхэм къэлътмакъ щыкIуэхэр кьыфIакъащ. Дызыхэтыр пщыкIыхэпIэ хьэмэрэ нэхуапIэ жыуигъэIэну ди Iэхэр кIуэрыкIуэм хэту быдэу зрапхри, кьыдэмылIэлIащэуэрэ мэзым дыщIахуащ.

Ипэ махуэхэм дызыхурагъэджакъэр абы иужькIэ ди щхьэ кьиныхэжащ:

- Псом нэхърэ нэхъ гугъур террористхэм гъэру фаубыда нэужькIэщ: абы кьыркIуэнкIэ хьуну хьэзабхэр фIэчыфу щытын зэрыхуирщI АтIэ мис а псалъэхэм пэжагъыу щIэтыр дзызыдагъэщIэфащ кьыштекIэзэрыгуа «бандитхэм». ТэкIу зыкъриплIэжыну, унгу фIы кьэбгъэкIыжыну зы дакъикьи зы меданиурамыгъахуэм хуэдэт абыхэм. Секунд кьэс фочхэр драгъэуейуэ-ирагъэхуыу, уи щхьэ узыхуимытыжхэр ирагухарэ пъэс пIагъуэ узытрашэм ущхьэщыбэкъуэкIыну хуэмыгуту, щэдхэм уздыпхашым, щхьэдэмрэ хъущIэмрэ кьыззрымыкIуэу «я Iэпэгъуу», джалэхэр Iуашрэ «яукIыу» гуп мыщIагъуэт дэ дызрихьэIар...

Апхуэдэ кьыптэпIэпкIэ ззэрыхьунум щыгъаязэ дыхуащIауэ щыта щхьэкIэ, зэрызелъэфэныр ди Iэпкъпэпкъхэм кьызэрытехьэлъэр куэд мыщIэу зыхэтщIащ. Арщхьэкlэ зым и дамэм кьыкIэтыныкуэм и Iитlыр илъу ирахужьа гупым щхьэжьыфIэрIагъкIэ уакьыкъэжьыкIэ Iэмал иIэтэкъым: узыхэт гугъуехьакIуэжьм я пащхьэ уи напэр щытекIынут, е кьыптрапъхар зэрыпхуэмышэчымкIэ егъэджэныгъэкъэ езыгъэкIуэкIэм шэч зыхуебгъэщIынкIэ хъунут.

Ауэ абдежми щнухакъым «гъэркэм» ирапэсахэр. Апхуэдэ щыкIэм иту километр 1,5-рэ зи кьыхьагъ гъуэгуанэ нашэкъашэкIэ жыг зэхуакуэм пхаша гупыр «щIэхьаджащIэжьм» я хэщIапIэм нахусащ. Мащхэм «ирагъэщэщха» журналистхэр зыризыхэу дыкърашыжурэ, Iэтащхьэхэм дыбгъэдашащ, кьыпткърыупщIыхьащ. Ауэрэ здекIуэкIым зыри зыхэзымыщIэж-кьыхьзыгурымыIуэж гупым «джэгуГуэр» зэриухамкIэ хьыбар дагъэщащ.

Дигуэр кьыщыхэрыгъэтыжьым, ди егъэджакIуэхэр кьыптхэувэри дерс дызыпхрыкIам щыуагъэрэ ехьулIэныгъэ диIахэр дагъэлъатэныжащ, псори дызэхэту фэеплъ сурэтхэри зытредгъэхащ.

Къыкlэлъыкlуэ махуэм гарнизоным и ут нэхъыщхьэм «Бастион-2011» курсхэм ятеухуа пэкIу щекIуэкIащ. Ар кьызэIунхащ 58-нэ армэм и дээзешэ, генерал Картаполов Андрей. Зэхьыхьэм къекIуэлIахэм защыхуигъаазэм абы жиIащ:

- Егъэджэныгъэхэр ди деж зэрыщекIуэкIым дэ хуабжьу дыщогуфIыкI. Ар УрысеИ Федерацэм и Правительствэм дзыхь кьызэрыдигъэзым и щыхьэт лейц. Мыбы хэхэ дэ дерсхэм и кьызэгъэпэщакIуэхэм журналистхэм ехъулIэныгъэхэр яIэну дохьэхуэху!

Абы нужькIэ псалъэ иратащ Осетие Ищхьэрэ-Аланием и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Таболов Сергей:

- «Бастион курсхэр» Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щрагъэкIуэкIын папщIэ абы хинбыдэ щIыналъхэм ящыщу ди республикэр кьызэрыхахар дэ хуабжьу гуапэ тщыхьуащ. Абы и пIэныкъэкIэ, дауи, фIыщIэ ин яхуэфащэщ езы 58-нэ армэм и унафэщIхэмэ.

Пэкlум и кlэ кьихуэу зауэлIхэм «карат» зэуэкIэмкIэ и Iэзагъэр къагъэлъагъуащ, журналистхэмрэ гуфIэгъуэ зэхьыхэр кьызэзыгъэпэщащхэмрэ зэгъыдзу сурэтхэр зытраГъэхащ.

Егъэджэныгъэм хухаха махуэ псори дерс зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэнщIат. Псалъэм папщIэ, журналистхэр зыхурагъэджа щIэныгъэхэм ящыщщ кьхъуькъащIэ шынагъуэхэм ятеухуауэ щыхуэхэм кьрахьэжI псалъэмакъэм уаэзэрыхупыкъуэкIын хуэм щIыкIэхэм, щытыкIэ кьызэрымыкIуэхэм уахэхута нэужькIэ узэрызэхэзекIуапхьэм, психологиемкIэ узэрызэIззэкIын Iэмалхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуахэр.

ЕджапIэ-практикэ курсхэм хэт журналистхэр Осетие Ищхьэрэ-Алание Республикэм хиубыдэ Беслъэн кьалэмки щыщIащ. Псори щыгъуэзэщ абы 2004 гъэм фокIадэм и 1-м кьыщыхъуауэ щыта тхьэмыщкIагъэшхэм: Iэщэкlэ зэщIэуэзда террористхэм курыт еджапIэ №1-р яубыдри, абыхэм кьаIэщIэкIыну зи гугъа еджакIуэрэ адэ-анэу 334-р кьращIэкIа зэхэуэ-зэрызехьэкэм хэкIуэдауэ щытащ. Ар зэи пщIэгъупщэ мыхъун гуауэшхуэу зэрыщытыр кьалъытащ «Бастион-2011» курсхэм щедджэхэми. Абыхэм «мелыбычхэм я хадэм» уда гъэгъахэр траГъхьащ.

Егъэджэныгъэм и яужьрей махуэр псом ялейуэ гукIинэжт. Пщэдджыжьым журналистхэм щIэныгъэ зрагъэгъуэтахэмкIэ зачетхэр ирагъэтащ. Щэджагъуашхэ нэужьым псори Офицерхэм я унэм ирашэхри, курсхэм я кьызэгъэпэщакIуэхэм псалъэ дахэ жаIащ, егъэджэныгъэр ехъулIэныгъэ диIэу кьызэрыдухам щыхьэт техьуэ «Сертификат» тхьапIэ-хэмрэ щхьэбэ информацэм и лэжьакIуэхэм тыгъэ щыкIуэхэмрэ кьыдатащ, концерт дахи дагъэлъагъужащ.

Абы яужькIэ гарнизоным и шхапIэщIэхэм гуIэфIгъеIэжьу гуфIэгъуэ пшыхь кьыщыгъэрагъэпэщащ. Абдежым егъэджакIуэхэри еджакIуэ хэри нэхъри гъунэгъу зэхуэзыщI псалъэмакъ щхьэпэ щекIуэкIащ. Кавказ макъамэхэр щыIуа джэгу дахи зэхащащ.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

«Бастион-2011»

«Хъуур» къэфакIуэ гупыр.

Ди республикэм щыщ журналистхэр.

Егъэджэныгъэр псэм дохьэ

ХьэщIэхэр Iэщэмэ щагъэгъуазэ. *(ЗэуалIэ-гъэсапIэ губгъуэм).*

еджакIуэхэр гарнизоным и ипщэ лъэныкъуэмкIэ кьыщыгъ губгъуэм ящащ. Абыхэм медицинэ батальоным хэтхэр кьаIэплъэрт. Нэхъ тынщу кьадэлэжьхэм щхьэкIэ зауэлIхэм журналистхэр гупищу ягуэшри, уIэгъэ хьуа цIыхухэм зэрелъэз Iэмалхэм теухуа дерсхэр ирагъэкIащ. А махуэм и етIуанэ Iыхьэм сапер батальоным хэтхэм хьэщIэхэр лагъымхэмкIэ узэда щIыналъэм узэрыщIэзекIуэн, зэрызащIыхьымэжьын хуей Iэмалхэми щагъэгъуэзащ.

Кьыжьыпапхъэщ, еджэгъуэ махуэхэр Iыхьитlу зэхэтщIхьэхэкIауэ - ипэр-т сориемкIэ дерсхэр, етIуанэр - зауэ-гъэсапIэ губгъуэхэм щрагъэкIуэкI курсхэр - зэрыщытар. Дэ, щыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм икIа журналистхэм, ди гуГъэт егъэджэныгъэм зэрыщIадздэм хуэдэу адзкIэ псори кьыдэтыншэкIын хуейуэ. Арщхьэкlэ ещанэ махуэм и етIуанэ Iыхьэм хьэщIэхэм дагъэгъунэхуар куэдым ухуезыгъаСэт икIи уезыгъэгупсыст.

Владикавказ удзкIауэ сэ мэгумкIэ къуршхэм ущыпхуэкIуэкIэ зы кьуэладжэ гуэр кьызэIуех. Абы удыхьарэ ущыдэкIуейкIэ зауэ хуэIуэхуэщIэхэр кьэзыгъэIэгъуэ нагъыщэхэм ярохьэлIэ. ИкIи кIуэ пэтми ахэр нэхьыбэ зэрыхьэр и нэщэнэщ Таранскэ зауэ-гъэсапIэ полигоныр гъунэгъу кьызэрыхьум. «Абы дынэсыними сыт иIэж иджы!- жыIта кьудейуэ, гъуэгум и ижьырабгъу гъэныкъуэмкIэ кьыщыт мэзым, Iэуэлъауэшхуэ ирагъэщу, бомбэхэр зрагъэжьIэ:драгъуеиуэ, зи нэкIу хэр щIэхъума, автоматхэмкIэ зэщIэуэзда лIы «губжьа» гуп кьыззрыщIэкащ. Абы хэту журналистхэр дызэрыс автобусхэм я бжэхэр зэIужри, кьыпIэдахам ди нэхэр къымыпIэн щхьэкIэ зи щхьэхэм къэлътмакъ щыкIуэхэр кьыфIакъащ. Дызыхэтыр пщIыхьэпIэ хьэмэрэ нэхуапIэ жыуигъэIэну ди Iэхэр кIуэрыкIуэм хэту быдэу зрапхри, кьыдэмылIэлIащэуэрэ мэзым дыщIахуащ.

Ипэ махуэхэм дызыхурагъэджакъэр абы иужькIэ ди щхьэ кьихьэжащ:

- Псом нэхърэ нэхъ гугъур террористхэм гъэру фаубыда нэужькIэщ: абы кьыркIуэнкIэ хьуну хьэзабхэр фIэчыфу щытын зэрыхуирщI АтIэ мис а псалъэхэм пэжагъыу щIэтыр дзызыдагъэщIэфащ кьыштекIэзэрыгуа «бандитхэм». ТэкIу зыкъриплIэжыну, унгу фIы кьэбгъэкIыжыну зы дакъикьи зы меданиурамыгъахуэм хуэдэт абыхэм. Секунд кьэс фочхэр драгъэуейуэ-ирагъэхуыу, уи щхьэ узыхуимытыжхэр ирагухарэ пъэс пIагъуэ узытрашэм ущхьэщыбэкъуэкIыну хуэмыгуту, щэдхэм уздыпхашым, щхьэдэмрэ хъущIэмрэ кьызэрымыкIуэу «я Iэпэгъуу», джалэхэр Iуашрэ «яукIыу» гуп мыщIагъуэт дэ дызрихьэIар...

Апхуэдэ кьыптэпIэпкIэ ззэрыхьунум щыгъаязэ дыхуащIауэ щыта щхьэкIэ, зэрызелъэфэныр ди Iэпкъпэпкъхэм кьызэрытехьэлъэр куэд мыщIэу зыхэтщIащ. Арщхьэкlэ зым и дамэм кьыкIэтыныкуэм и Iитlыр илъу ирахужьа гупым щхьэжьыфIэрIагъкIэ уакьыкъэжьыкIэ Iэмал иIэтэкъым: узыхэт гугъуехьакIуэжьм я пащхьэ уи напэр щытекIынут, е кьыптрапъхар зэрыпхуэмышэчымкIэ егъэджэныгъэкъэ езыгъэкIуэкIэм шэч зыхуебгъэщIынкIэ хъунут.

Ауэ абдежми щнухакъым «гъэркэм» ирапэсахэр. Апхуэдэ щыкIэм иту километр 1,5-рэ зи кьыхьагъ гъуэгуанэ нашэкъашэкIэ жыг зэхуакуэм пхаша гупыр «щIэхьаджащIэжьм» я хэщIапIэм нахусащ. Мащхэм «ирагъэщэщха» журналистхэр зыризыхэу дыкърашыжурэ, Iэтащхьэхэм дыбгъэдашащ, кьыпткърыупщIыхьащ. Ауэрэ здекIуэкIым зыри зыхэзымыщIэж-кьыхьзыгурымыIуэж гупым «джэгуГуэр» зэриухамкIэ хьыбар дагъэщащ.

Дигуэр кьыщыхэрыгъэтыжьым, ди егъэджакIуэхэр кьыптхэувэри дерс дызыпхрыкIам щыуагъэрэ ехьулIэныгъэ диIахэр дагъэлъатэныжащ, псори дызэхэту фэеплъ сурэтхэри зытредгъэхащ.

КЪУМАХУЭ Аслъан.

Фокlадэм и 4-м щегъэжьауэ и 10 хьуху Осетие Ищхьэрэ-Аланием и къалащхьэ Владикавказ щекIуэкIащ щытыкIэ кьыззрымыкIуэ хэм кьыхъуэтэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я дэ жьакIуэхэр хэжауэ щагъэхьэзыр «Бастион-2011» еджапIэ-практикэ курсхэр. Ахэр кьызэрэпэщыныкIэ жэрдэмэсхьэр Москва и Журналистхэм я зэгухьэныгъэрщ.

КАВКАЗ Ищхьэрэ Федеральнэ щыпащIэм, Осетие Ипшэм, Москва кьалэм я хъыбарегъащIэ Iэнатlэ хэм кьыкIаIуэр 50-м нызэрыкъэсырт.

Зыхъумэжьныгъэмкlэ министерствэм, ФСБ-м, МВД-м, МИД-м, МЧС-м, нэгъуэщI Iэнатlэ хэмэ я къару, гуащIэ зыхалъхьэ «Бастион» курсхэр 2006 гъэ лъандэрэ илъэсым хуэзэу Пlэу ирагъэкIуэкI. Ауэ ныдэщ абы Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и телеканалхэм, республикэпсо газетхэм, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэ хущIапIэм я лэжьакIуэ хэм ящыщ гуп щыхагъэхьар.

Ялэ махуэр хэзыгъэгъаязу щытащ. ТхьэмахуэкIэ екIуэкIыну еджэныгъэм хэтынуэм хухахар 58-нэ армэм и 19-нэ бригадэм и гарнизоным дэт хьэщIэщхэм ящыщ зырт.

ЕтIуанэ махуэм и пщэдджыжьым «Бастион» курсхэм щIидзащ. Офицер хэм щэнхабзэмкIэ я унэм абыхэм кьащыхуеджащ лекцэ зыбжанэ. Дерсхэр теухуат кьэхъыбащIэ шинагъэхэмэ, щытыкIэ кьыззрымыкIуэхэм журналистхэр щыхэхутэкIэ абыхэм кьахь хуэмэжбжьымэхэм зыпыIуадзыныкIэ, абы кьыдэкIуэри зыхуей материалэхэр корреспондентхэм зыIэрагъэхьэфу щытыныкIэ щыIэ Iэмалхэм тепсэлъыхьыныр.

Лекцэ хэм кьеджащ тхакIуэ, дзэм кьыхъэкIыжа полковник, террористхэм Шэшэным илъэс ныкIуэкIэ гъэру щыIыгъа Иванов Николайрэ Осетие Ипшэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ, полковник Дзюбэ Геннадийрэ. Ахэр тепсэлъыхьыхьауэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэ хэм терроризмым пэщIэтынымкIэ яIэ мыхьэнэр.

ЩIэпхьаджагъэхэм журналистхэр зэрыгъепсэлъэныхь щыкIэм елъытащ бзаджащIэ хэм закъыззэрыщыхьужыр, фэуэ зрапIуыжыр. Кьиптхэх хьэрфым, кьыжыкIэ псалъэм кьуэдзрельытар ахъыбатэмрэ, - жаIэрт дерсхэр езыгъэкIуэкIэхэм.

Шэджагъуэ нэужькьи дынэсыними сыт иIэж иджы!- жыIта кьудейуэ, гъуэгум и ижьырабгъу гъэныкъуэмкIэ кьыщыщыт мэзым, Iэуэлъауэшхуэ ирагъэщу, бомбэхэр зрагъэжьIэ:драгъуеиуэ, зи нэкIу хэр щIэхъума, автоматхэмкIэ зэщIэуэзда лIы «губжьа» гуп кьыззрыщIэкащ. Абы хэту журналистхэр дызэрыс автобусхэм я бжэхэр зэIужри, кьыпIэдахам ди нэхэр къымыпIэн щхьэкIэ зи щхьэхэм къэлътмакъ щыкIуэхэр кьыфIакъащ. Дызыхэтыр пщIыхьэпIэ хьэмэрэ нэхуапIэ жыуигъэIэну ди Iэхэр кIуэрыкIуэм хэту быдэу зрапхри, кьыпIэдахам ди нэхэр къ

Умыщхьэхма, сытри пхуэзфІэкІынущ

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Си адэм и хъыбар щыІэтэкыым. Си анэр гузавэри Новороссийск тхыльэ иригъэхьащ, сыт и хъыбар, щхьэ щыкІыным ухуфэжиІэри, Телеграммэ сыгъэхьащ: «Зауэм хэкІуэдащ» жиІэу ити. Си е телеграммэр сыгъэшу уэрамым сыкъыдэтъадэри: «Си папэ ауКІащ! Си папэ ауКІащ!» жысІэурэ сыкІиІуэу мамэ и ныбжьхъухэм дежь сыжауэ щытащ. Хьэблэр зэрыщыту гуэзвакІуэ къытхуэжІуат.

Тхылът саугъэт нэхъыщхьэу щыІэр

- Сабий садым сыкІуэрт, абы сытым дежи уэрэд щыжысІэрт. Черкесовэ Рае и цІэу хъыджэбз щыкІу гуэр си ныбжьэгъут. Аратти, зы махуэ гуэрым Раерэ сэрэ «Родная речь» тхылъыр ныбдогъуэт. Абы щыгъэм тхылъхэр машІэ дыдэти, икъукІэ дыщыгъфІыкІат абы. ИлъэситхуэдыхъуІ арат, ауэ дыкъеджэфырт тІурІ. Тхылъыр зэрыщыту щІэзджыкІат.

Абы усэ гуэр итт: Травка зеленеет...

- Сощыкъо блестит.

- НтІэ, нтІэ. Арати, абы макъамэ хуэзэхслъхьэри, ар уэрэду жысІэн щІэздзащ. ИужькІэ баитъ сыхъуу ІэщІагъэм хуеджэм щІэздза нэужь, къэсщІащ ар Плещеев Алексей зэриусэр икІи абы Чайковскэм хуэщІащ щІилъхьауэ романс зэрыщыІэр.

Классицщыр Тэрч къыщызэхащ. Уэрэд жысІэн сфІэфІ дыдэти, сыт хуэдэ зэІущІэ къэхъуами, абы сыхэтт. Палшык зэпеуэхэм сыкъашэрт, Пионерхэм я уардзунэм уэрэд щыжысІэрт, республикэм и районхэми дыкІуэрт. Пионер лагерым сыщыщІэм сытым дежи утыку сращэрт, саугъэтхэр кьызатырт. А зэманым тхылърат саугъэт нэхъыбэу щыІэри, сытым дежи тхылъ ІэпплІэ сІыгъыу лагерым сыкъыкІыжырт.

Си анэшыр унагъэщхьэ: зэкъуэщищэ зэшыпхъунтхуэрэ хъурт. ФІы дыдэу зэрыпІагъуэхэрт, щІэк-щІэкІыуэрэ зыр адрейм деж хьэщІапІэ кІуэуэ. Ауэ къалэ куэдым зэбгрыдзауэ щыпсэуэхэрт. Партырэ къэралымрэ кІуелейуэм я мыпхъуэ трахыну унафэ к1ыщащтам, си анэр абы хиубыдащ.

- Унагъуэ къулейм кьыхэкІауэ арат?

- НтІэ, ахэр Тэрчкьалэ (Владикавказ) щыпсэурт. Унагъуэ кІулейт: унэщхуитІ яІэт, щы куэд ягъэхъурт. Ягу кьагъэкІыжыкІрт си анэшхэм я мыпхъур щытрахым щыгъуэ, псори зы пэшым щІагъуэу, игъащІэм зы бай къэзымыІэта щхьэжьнэхэм я мыпхъури, ящІри, я унэри хуагушІауэ зэрыщытат. Ауэ Совет зэманым щыгъуэ мамэ абыхэм сытепсэлъыхьу идэртэкъым.

- И эран кьокІынкІэ гузавэ кьыщІэкІынт.

- Арат. Си анэ щыпхъухэм макъыфІ яІэт. Щыхэхъуэм деж уэрэд лІэужьыгъуэу жамыІэ щыІэтэкъым. Абыхэм я дежкІэ сыкІуэжауэ ара кьыщІэкІынщ сэри.

Сыту сыхуэныкъуэ си анэм! Уэрэд жысІэну сытригъэгушхуэ зэпыту щытащ мамэ. «Алыхьым макъ кьущитакІэ, уэрэд жыпІэн хуеиІуэ арщ», - жиІэт. Езыр сабий садым и унафэщІу лажьэрти, сишэуэ сабийхэм уэрэд яжеСІэрт. Етхуанэ кІасхьэм сыщІэсу гитарэ кьыхсунщхуауэ щытащ сыкъыщалъхуа махуэм ирихьэлІэу. Куэдрэ сиІащ а гитарэр, уэрэд щыжысІэкІэ сеуэу. ЧэнджэщэгъуфІу сиІащ си анэри, сыт хуэдэ бостей кьыхэсхьнуми, сыт хуэдэ уэрэд концертым хэзгъэхьнуми кьызжиІэу.

«Хьэуэ, хьэуэ, уцыкІуІуэщ»

Ебланэ классыр къэзуха нэужь, си анэ щыпхъуэм Владикавказ сишащ музыкальнэ училищэм сыщІигъэтІысхьэну. Нал шык дэттэкъым апхуэдэ. Егъэлеяуэ сыцыкІут. Кьызоплъхэри жаІэ:

- Илъэс дапщэ хуэхуэрэ уэ цыкІур?

- Илъэс пщыкІуплІ.

- Хьэуэ, хьэуэ, уцыкІуІуэщ, - жаІэри, сыкъащтатэкъым. Уэрэд жызагъэІат, ары ирихьан хуэдэт. Си жагъуэ хьуауэ сыкъэкІуэжри, Тэрч етщІанэ классыр кьыщызухьыжащ. Зэгуэрым Нал шык зэпеуэ гуэрым дыкъашауэ, Кьуныжь Мухьэмэд гу кьысІыштащ. Ар Радиокомитетым и уэрэджьыкІуэ гупым и унафэщІт. Абы тхылъ кІапэ кьыхсуригъэхьащ дэжьапІэ сыкъыщтэну ити, ауэ мамэ идатэкъым, школыр къэбухьун хуейщ жиІэри.

1957 гъэм Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьар ягъэлъапІэрти, щІыпІ кьагъэкІуащ абы. Сахатэгъэну сригъэблагъэу. Сэ епщІанэ классыр къэзухьрт, экзаменхэр егъэлеяуэ куэд хъурти, абыи мамэ сигъэкІуатэкъым, еджэныр нэхъапэщ жиІэри. Школьыр къэзуха нэужь, зыщщыпІэ сыщІэтІысхьэну седжэн хуейуэ мамэ щыжиІэм, здажьым, зы илъэс сылэжьэнщи, итІанэ сыщІэтІысхьэнкІэ жысІэри. Абы ирихьэлІэу ди деж къокІуэ Москва дэс си анэ щыпхъу Аля. Си Іуэхухэм кьыщІэупщІэурэ жысІэхэр щызэхихьм, занщІэу унафэ ящІащ: «Иджыпсту такси кьыдощтэри Налшык докІуэ».

Музыкальнэ училищэр а зэманым Къэбэрдей уэрамым тетт, нобэ ЕтІуанэ макъамэ школыр зыщІэс ІнэмкІ. Щыщхьэпт, экзаменхэри зэфІэкІат, кьащтэнуІами къащтакІэт. ЕджапІэм и унафэщІыр Хьэсанэ Мусэт, дирижерыр Пахомов Николайт, концертмейстерыр Фридман БеатриСэт. КьызэдэІуахэщ. СщІэркъым, згъэ срихьа хьунт, экзаменсІызыхьи гуп щхьэхуэу кьызэрагъэпэщ, мис апхуэдэу сыкъащтащ. Хьэсанэ Мусэ уеПлъынкІэ цыхуэ нэщхъ зэхэлът, ауэ егъэлеяуэ гуапэт, гу хьэлэл зиІэт. Псапэу Тхьэм къритыж, сигукІи си псэкІи сыхуэзарэзыщ, сыпсэхуукІи сыщІигъэнукъым абы кьысхуищІар. А дакьикъэм абы кьищІэфащ ІэщІагъэм сызэрыхуелІэ къарум и инагъыр. Хьэсанэ Мусэ и фІыгъэщ си гъуэгу кьызэрагъэутыжар.

УкъызэфІэмыщІыж, пэжыр жыІэ, бзаджагъэ зумыхьэ

Ди адэжапІэ кьэухыгъэр 1959 гъэрат зыхуэзэр. Саратов дэт консерваторием щІагъэтІысхьэну цыхуитхум тхылъ ираташ. Сэ ещанэ курсым сынэса къудейуэ арат. Хьэсанэ Мусэ кабинетым сриджэри: «КІуэ абыхэм я гъуэгу, ущІэтІысхьэмэ, ущІэтІысхьащ, ущІэмыхуэмэ, кьэбгъэзэжынщи, и кІэм нэс уеджэнщ» кьызжиІащ.

СокІуэ я гъуэгу сытми. А тхум направленэ яІэт, сэ сиІэтхэм. Дынэсу экзаменхэр щыттым, абыхэм «щы» гуп кьахьащ, сэ «тху» защІэт схуагъэувар. «Щыхуитхущ къэтщтэнри, балл нэхъ мащІэ кьэзыхьаэр ирекІуэж», - жаІат япэ щыкІэ, ауэ ижькІэ зыгъэрурэ зэ хуэхъужри зыри дыкъащтащ. Мыбдежьм сызыщытхъуэжу кьыфІщымкІэ, мы щапхъэр кьыщІэхьаруэ зыгъэрым нэхъуеиншэу ухуэпабгъэмэ, ІэщІагъэм удихьэхамэ, уи зэчийр къэбгъэсэбэпу лъагаПІэщІэхэм уэрэрынэсыфынур щІалэгъуалэм хьэкъ ящысщІыН щхьэжІэщ.

- Саратов къалэшхуэщ, щІыпІэ пхьдза сыкъэкІащ жыпІэу унгу зэбгъэжтэкъэ?

- Хьэуэ, сигу кьэкІыхьэртэкъым. Сэ уэрэд щыжысІэм дежи сигу хэхьуэрт сытым дежи. Мыр зал щыкІуэ, мыр залышхуэщ жысІэу сегупсысыртэкъым. Уэрэд жысІэну сыхуейт щыхуэхэм я пащхьэм ситу, ар хэту щытми. Си гъащІэм и кІыхьагъкІэ зихьуэжакъым а гукъыдэжым. Консерваториер кьэзуха нужькІи зал щыкІуэт зал абрагъуи уэрэд щыжысІэну кьэсхуихуэрт, гастролэми куэдрэ сыкІуэр т, ауэ зыщІезгъжыну, си къару кьызэрихькІэ сымылэжьэну си щхьэ хуэзгъэфащэрэкъым. Щыхуу кьэкІуар куэд мыхъуми, залыр щыкІуми, си къарум кьызэрихькІэ сылажьэрт.

- «ВаГъуэ узым» дауэ укъыззэрелар? Апхуэдизу гъагъэу удэкІуеурэ, уи адрейхэм уакъыззэрыхэмыщынымэ яужь унту кьызщохьу. Пэжш, апхуэдэу щытми, уэ зэи зыми ухагъэгъуащэрэкъым, уи макъкІи, уи тепльэкІи.

- Си гугъэмкІэ, мамэщ ар зи фІыгъэр. Абы ткІийуэ диныгъ, «УкъызэфІэмыщІыж, пэжыр жыІэ, бзаджагъэ зумыхьэ» кьызжиІэрт сытым дежи. ИужькІэ, зэман дэкІауэ: «Уэ хуьхрэмыгъэншІэуэщ, хэт жиІэри уи фІэщ мэхъу. ТІэкІу мэ хьэдажэу, нэпльасІэуэ щхьэпІ хуейщ», - кьызжиІат. «Мамэ, - жысІащ, - укъыкІэрыхуащ, тІэкІу нэхъ пасэу сыхуебгъэдэжэн хуеящ абы».

- Уи утыку итыгъуэр ильагъуну хунэса?

- Хунэсащ, Тхьэм и шыкуркІэ, илъэс бгъущІым нэблэгъат мамэ дунейм щехьыжам.

«Адыгэ макъамэр»

Консерваторием кьэдуха нэужь, псори Хэкум дыкъэкІуэжащ. 1965 гъэм республикэм Уэрэдымрэ къафэмкІэ и ансамблым «Кабардинка» фІащащ. КъэфакІуэ ансамблт ар, ауэ щэнхабзэмкІэ министру а зэманым щытар Едэнды Джылахьстэнти, уэрэджьыакІуэ зыбжанэ хигъэхьэну мурад ящІащ. Кодым епсэлъат къытригъэхьэну, ауэ сэ фІэкІа зыми идакъым. «Фэ-тэр заншІэу къуатынущ, улахуэри нэхъ инынущ» жаІати, ара кьыщІэкІынт нэхъ сыдэзыьхэхар. Ауэ зэи сыхущІегъуэжакъым «Кабардинка» гупым сызэрыхэтам. Абы и гъуэгу яПэ дыдэу хамэ кьэрал сыкІуауэ щытащ. Абы и фІыгъэкІэ СССР-м ЩэнхабзэмкІэ и министерствэм и тхылъхэм си цІэр хэхуэри, илъэс пщыкІухым и кІуэцІкІэ гъэкъэс хамэ кьэрал концертхэм срагъэблагъэурэ екІуэкІащ. «Кабардинка»-ри фІыкІэщ си гум кьыхэринэжар.

ИтІанэ филармонием сыкІуэжащ. «Лектор гуп» - арат кьызэрыздэджэр. Ди гупым хэт щІэнигъэлІэхэр зыщыпІэ лекцэ кьыщеджэхэрти, абы и ужькІэ дэ уэрэд жьыдагъэІэрт. Санаторэхэрат нэхьыбэу дыщылажьэр - мазэм концерт 14 тfirи хуейт, зыгъэпсэхупІэхэр пщыкІутхэ хъурти, планыр дгъэзэщІэфырт.

ИтІанэ хуэм-хуэмурэ щІэздзащІ Іыхьитіу зэхэт си концертхэр згъэхьэзырыни. Романсхэри пьэпкъ уэрэдхэри хэзгъэхьащ. Хамэ кьэрал сыкІуэми, СССР-м и республикэхэм зыкъыщызгъэгъпагъуэми, сытым дежи «Адыгэ макъамэ» уэрэдыр хэзгъэхьат.

- Абы интернетым сыщедэІуащ.

- Хэт и гугъэнт! Ар зытхар Темыркъан Борисщ. Дэнэ сыкІуэми жысІэрт а уэрэдыр.

СоукІытэ, ауэ, итІани, си гуапэщ

Концертыр згъэхьэзыра нэужь, филармонием и унафэщІу а зэманым Іэжьа Хьэхъупащ Хьэжбэчыр кьыздэІэпыкъуащ союзпсо утыку сихьэнымкІэ. Совет Союзым и щІыпІэ куэдым сыкІуэрт. Абы цыху куэдым сащыхуэзэрт, нэІуэкІи я дежь дыззэхуэхъурти, нужькІи я дежь сригъэблагъэрт. Псалъэм папщІэ, Сыбырым щыщ ансамблым и гъусэу Кавказ Ищхъэрэм и Югославиери кьызэхэткІуэхьащ, Квартет «Арт»-м и гъусэу Москва Правительствэм и Унэм уэрэд щыжысІауэ щытащ. ЕгъэлеяуэткІиІуэ кьыхахьрт а концертым хагъэхьэнуэр. Макъым и закъуэтэкъым зэпІпащ, уи кьекІуэкІыкІам зы бжьыгъи иІтъ хьунутэкъым.

- Уэ Совет зэманым и дамыгъэ хуэдэу уахуащ, абы щыгъуэ екІуэкІа гъащІэм апхуэдизкІэ екІуу ухэзэгъащи. Зыгуэр кьывзуваІэрэт нджы «имиджмейкер» жыхуаІэм ещхьу хьэмэрэ гурыгъуаззэкІэ кьапщІэу арат уэрэрыщытыкъ хуейр?

- Зыгуэр хэхауэ кьызэпэжыну е кьызэригъэзІуну, хьэуэ, апхуэдэ зыри сиІакъым, ауэ фІыщІэ зыхуэсщІын си куэдщ. Псори щІыхьэзырым и деж Іуэхур фІэгъэнапІэ щыкІу гуэрхэм щхьэпІ кьыщыпкІэ лекцэ кьыщеджэхэрти, абы и ужькІэ дэ уэрэд жьыдагъэІэрт. Санаторэхэрат нэхьыбэу дыщылажьэр - мазэм концерт 14 тfirи хуейт, зыгъэпсэхупІэхэр пщыкІутхэ хъурти, планыр дгъэзэщІэфырт.

ИтІанэ хуэм-хуэмурэ щІэздзащІ Іыхьитіу зэхэт си концертхэр згъэхьэзырыни. Романсхэри пьэпкъ уэрэдхэри хэзгъэхьащ. Хамэ кьэрал сыкІуэми, СССР-м и республикэхэм зыкъыщызгъэгъпагъуэми, сытым дежи «Адыгэ макъамэ» уэрэдыр хэзгъэхьат.

- Пэжщ, Творческэ и пьэныкъуэкІэ псори си езым сщІэжьарт. Саратов дэт консерваториер кьэзуха нэужь си егъэджакІуэ профессор Егоров Василий куэд дыдэрэ письмо хуэстхыу щытащ. И письмохэм чэнджэщ кьыщыгъитырт программэхэр зэрыязэхэзгъэувэнэм. Абы и чэнджэщхэр и нэхъыбапІэм кьэсслъытэрт, ауэ инкьыкъэхэм дежь седауэрт, мыпхуэдэущ зэрыщытын хуейр жысІэу. Езыр зэреплъэр кьитхьыжырт. ЖыІжьэ щыІэми, и нэІэ кьызэрыстетыр сэбэн кьысхуэхъурт. Ари си гум фІыкІэ кьинэжащ. Иджы сэ ЕъуазджэхэмкІэ институтым зэрыщезгъаджэрэ илъэс тІощІ хьуа хьунщи, абы кьысхипща хабзэхэр си студентхэм яхэсльхьэну сыхэтщ. Кьауха нэужьи салъоІэс. Хуабагъ гуэр дяку дэпъу щытщ: ныщІохьэ, smsхэр кьыхуагъэхь, кьоПсалъэ.

- УагъэгуфІэрэ, зыгуэр зыхуэзэфІэкІ яхэт?

- Куэдым сагъэгуфІэ. Ди институтыр Кавказ Ищхъэрэ псом еиІц. Дагъыстэным, Осетие Ищхъэрэ - Аланнем, Ингушым, Ставрополь крайм ехьуІэныгъэхэр яІэу щылажьэ яхэщ езгъэджахэм. Лауреат Іэджи дніІщ хамэ къэралхэм кІуэуэ. Си гугъэмкІэ, ди институтым Іуэху щІэпІэ дыдэ зэфІегъэкІ гъуэджэм и пщІэр къэІэтыным теухуауэ. Ди унафэщІхэм фІыщІэ яхузощІ абы щхьэкІэ, псом хуэмыдэу Рахаев Анатолийрэ Ащхьуэт Бесльэнрэ. Абыхэм ди лэжьыгъэр кьызэрагъэпэщыфащ дэ кьыдэжьуІар сабийм тынщу ябгъэдэтІтхъхьэн хуэдэу. Иджы Гергиевэ Ларисэ кьыхилъхьауэ, си цІэкІэ зэпеуэ щрагъэкІуэкІыу кьаублащ ди институтым, Кавказ Ищхъэрэ псом кьинкІ уэрэджьыакІуэхэр хэту. Ар пщІэшхуэщ. СоукІытэ, ауэ, итІани, си гуапэщ. Тхьэр арэзы къахухьу.

Уэрэдым гупсэхугъуэ, кьыуиту щытын хуейщ

- Уэ уи Іэщ1агъэм и лъэныкъуэ псоми хьбощІыкІ, щыхуу куэд пльэгъуащ, щІыпІэ куэдми утыку къыщыкІащ. Гъуэзджэм щыхур, нэ хьыфІ ищІу гу лъытта? Куэдрэ къыщхуохуэ: уэ нэхъ захуэ дунейм темыт къыпфІэщІу, гукІэ уныкъуакъуэурэ зы макъамэ щыкІу къоІури зыгъэрхэм ухуащІогъэщ, псоми псори яхуёотъэгъу, уи гур щабэ мэхъури, Іейуэ схэлъыр зыхэзэнарэт жыпІэу уожьэж.

- Уэ езым жуаеи ептыжащ уи упщІэм. Щэч хэпъкъым, уещІ нэхъ щыхуфІ. ЖаІэкъэ: «Уэрэдхэр щыІукІэ топхэр щымщІ. Пэж щІэдзу, ди гъащІэм макъамэр щытепщІуу щытамэ, ди зэхущытыкІэхэри нэхъыфІ хьунут, ди Іуэхуухэри нэхъ зэпэщу екІуэкІынут. Ауэ нобэрей уэрэдхэм, макъамэхэм зэхуэдэкъым жыхуэсІэр. Уи щхьэр уадэкІэ кІуэщІрауд фІэкІа пщІэркъым ахэр кьыщеуэкІэ. НэгъуэщІ мыхъуми, совет зэманым щыІэкъэ Іуэхр уэрэду: «КьикІыр кьыбгурыІуэу, и псалъэхэри зэкІуу щытами сыт хьунт... Нэхъапэм ятха а уэрэдыжьхэр кьыщеуэм и деж иджьпстуи сыкъэфарэт е уэрэд жысІарэт, сыгуфІарэт жыбоІэ. Мы къеуэхэр сыт? Клип щІагъэувэжахэм уоплъри, унэхэр къоуэ, маршынэхэр зодзэкІ, абджк къутахуэхэр мэлъей. Щыхъуи ныбжьэгъуфЫщ, тэмакъкІэщІ зыщІщ а псор. Уэрэдым гупсэхугъуэ кьуиту щытын хуейщ. ГукъэкІыфІхэр игугъщІу, Іуэхуфіхэр игугъэлэжьу. Аращ сэ сызэрепльыр. Шэч хэтъкъым музыкэр щІыхум и гум щекІуэжыным тепщэ зэрыкъуэхуфыр. ФІы щІыбІэ и Іей пщІэн гукъыдэжми хоІэбэф ар.

- Апхуэдизу уемыгупсысмэ, щІэрыІуагъ къудей щхьэкІэ утыку укъинхьэфыну кьыщІэкІынкъым.

- ЩІэрыІуэ сыхъуну сыхуеихакъым сэ. ЖьызэупщІатэкъэ «Дауэ» «ваГуэ узым» укъызэрелар? - жыпІэри. Сытым дежи жысІэрт: «Сэ «ваГуэ» сихьуну сыхуейкъым, си Іэщ1агъэм и щэху псори къэсщІэну, абы сыхуэІэхэу сыщытыну сыхуейуэ аращ». Си ныбжьым итхэр псори апхуэдэ си гугъэщ. Иджыпсту нотит1 зэпащэфмэ, я афишэхэм «ваГуэ» жаІэри тратхэ. Сэ «ваГуэ» жаІэу си цІэм и фІэщ, сыукІытэнут. Си цІыхугъэ гуэрым хутратхат апхуэдэу и афишэм. «Щхьэ яхуэбда ар?» жысІэри сеупщІати, «Сыт-тІэ абы щхьэкІэ, трырет» жиІащ. Абы игу ирихьырт. Ауэ си абы сызэреджэр «НэпцІщ». Фрыщ1агъщ ар. ПэнцІым нэхъэ нэхъ схуэмышэч щыІэкъым. ТІэкІу къэтьэми, пэжыр наІуэу щрырет.

«Шэрджэсщ» къызжаІащ...

- Уи цІыхубз насыпым теухуауэ сыноупщІыну сыхуейт.

- ЦІыхубзым щызакъуэм и дежи инкьыкъэжэм жаІэ: «Сыту насыпыншэ, щхьэгъусэ иІэкъым». Сэри сиІэкъым щхьэгъусэ, ауэ насыпыншэу зызбжьжырпкъым абы щхьэкІэ. Насыпыр лІы зиІэжм ухабжэнракъым. Насыпыр сэбэпныгъ гуэр кьэпхьуэурпраш. Ми псэм фІэфІу Іуэху щхьэпэ блэжьмэ, мис аращ насыпыр.

КонсерваториемсыщыщІэсым Дэбагъуэ Хьэсэн сыдэкІуаэу щытащ. Іэщ1агъэкІи дыззтехуэрт, ди къэжІуэнри дахэ дыдэу пльагъурт. Ауэ дыщІалащэти, Іэужьу тІурИ дыпсынщІэт, жьІам дытекІынутэкъым, зым адрейм худэтчыльну дыхуейтэкъым... Отеллэ ещхьу, ефыгъуІэныгъэр и нэрыгът ХьэсэН.

- ЩІхьэусыгъуэ иІэт абы, уэ уцыхубз дахэщ.

- ЦІыхуэр зэбгъэдэкІыжыным Іуэху нэхъ мыхьэнэншэри щхьэусыгъуэ хуохьу... Дэри, арати, дыззбгъэдэкІыжащ. Ауэ Іэщ1агъэм и хьэтыркІэ ди гъэгуэхр щызэтеуэ кьэхъурт. ИужькІэ, зэман дэкІри ныбжьэгъу дызэхуэхъужащ. Арат ди натІэм итыр, сыт тщІэнт... Абы и ужькІэ зэрыщыту гъуэзджэм зестащ.

- ТІэкІу сыІэнкунщ мы ущІэр уэстыну. ауэ нтІэх и пэкІэ къэхъуа гуэзвэгъуэр цІыхухэм зэхахащ, зэриухари наІуэкъым. Апхуэдэ щІэпхьаджагъэ напэтех ди республикэм къызэрыщыхъуам щэнхабзэр зэрыдэхуэхари къытхэлъагъэуэ. Дауэ ухьела, дауэ зыкъэпІэтыныфа абы и ужькІэ?

- Си гур сфІэкІуэдат зыри кьыхэмынэжу. Мазэ псокІэ сымаджэщи сыщІэпхащ. Апхуэдизу гущІэгъэнщІу кьызэуар «шэрджэсщ» кьызжаІащ...

Щынагъуэт а махуэр. Ар къэхъуным дакьикъэ тІощІ и пэ иту си анэ щыпхъуи и пхъур Владикавказ кьикІри кьэкІуаэу щІэст си джеи, абыи фэбжьыщхуэ иридзащ щІэпхьаджащІэм. Махуэ щэджагъуэм щІыхум теуэу и унэ щІаубгрэжьыхьу, ахъшэ, дыщІэжкІ щхьэкІэ Іэщ1 хуагъэдалъэу кинохэм щыттъэгъуауэ арат. Ар нахуапІэ шынагъуэ тхуэхъуат а махуэм.

Си унэм хьэпшыпу щІэтыр кьызэрригъэзэкІащ ар. Ауэ щІэкІ ящІащ. Ар ныбжьым кьеІэзэгъ бзаджащІэм, ахъшэ, дыщІэжкІ лъыхъуэу. ЦІыхубзитІыр гущІэгъэнщэу, ухьэкІэхъуэкІагъэ хэпъ дизубрэжьри, си гъэпсэн зэрэзгъэхьэну зэхуэс хьэса ахьшэрэ хамэ кьэралхэм - Египетым, Сирием, Норданием, Африкэ кьэралхэм, нэгъуэщІхэми - тыгъэ кьыщыскъащІа дыщІэхэкІэри - псори зэщІикъуащ щІэпхъаджащІэм.

- Дыгъуэ кьагъуэтауэ, жубыдын фІэкІа хуэмеиуэ кьатауэ щытащ хьыбарыщІэхэм. Псоми кьаззрыфІэщІыр уи мыгъэкур кьагъуэтыжу кьуатыжауэщ.

- Си жагъуэ зэрыхьунщи, ар пэжкъым. Іуэхур и кІэм нэсу зжагъэкІакъым, уеблэмэ тепсэлъыхьыжьыхьхэркъым. Си гуфІэкъым а щІэтхъаджагъэр апхуэдэу Іэпэдэгъэлэп ящІыну, - махуэ кьэс кьэхъу Іуэхутэкъым ар.

Укъикіуэт хъунукъым!

- Илъэс зыбжанэкІэ уэрэбэкІыжмэ, ди республикэр Кавказ Ищхъэрэм и щІыпІэ нэхъ щынагъуэщІэхэм хабжэу щытащ. Ищхъэ хьэпабгъэ щыкуэд щІыпІэ дыхъуащ зэрымыщІэкІэ. Уэ дауэ уеплъэрэ а Іуэхум? Зыгуэрурэ дыкъэкІыпи хуейкъэ мы щытыкІэм?

- Абы и лъэныкъуэкІэ щытыкІэр щымыщІагъуэр ди республикэм и закъуэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, къэралым и щІыпІэ куэдым мымащІэрэ кьэщІохъу щІыхуэхэр зэрыщІзэрыпІу щызэпэщІэувэ.

Совет зэманым щыІа гуэрхэм кьеГъэгъэзэжьын хуейуэ кьызэольытэ. Япэм «идеологие» жаІэуэрэ щІыхум и гупсысэкІэр унэтІыным елэжьу щытащ. Арат псоми я лъабжьэр. Апхуэдэ Іэщ1агъэпІэр еджапІэ щхьэжьхэм щагъасэрт, щыхубзм зэрадэлэжьэнум теухуауэ. Иджыри апхуэдэ Іэмал гуэрхэр кьэралым кьимыгъэсэбэпмэ, ди Іуэжьр нэхъыфІ хьуну фІэщщыгъуейщ. Иджыри гугъэ гуэр щыдИэкІэ, и ужь ихьэн хуейщ абы.

- Зи гугъу пщІыр щІалэгъуалэр фІым тезыгъэгушхуэн зэгухьэныгъэ гуэрхэр?

- Тезыгъэгушхуэнкъым, ядэлэжьэнщ. Я гупсысэкІэм, дуней еплъыкІэм, зэхущытыкІэм, адрей лъэпкъхэм, нэгъуэщІ дин зезыхьхэм фІыуэ яхущытын зэрыхуейр кьыгурагъаІуэу. ЦІыхухэм я щхьэм зыгуэр иумытхьэмэ, ар хуэм-хуэмурэ нэщІ мэхъу. Щхьэ нэщІым сыту къоэзрыхь.

- Уи лэжьыгъэ Іуэхукіэ къэрал кьуэдым ущыІащ уэ. Дауэ фызэхущытт лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм ухьэкІахэр, дин зэхуэмыдэ зезыхьэхэр?

- Къэрал 50-м нэблэгъэнщ сызэдэщыІар: Азием, Европэми, Африкэми, Америкэми, Канадэми. Дыхьэшхэн кІуэ кьэтщыщІырт. Африкэм щыІэ мусЛымэн кьэрал гуэрым дыщыІэу, утыку сыкьыщихьэм, «Кавказым щыщІ, Іуащхьэмахуэ бгыр здэщыІэ» мусЛымэн республикэм кьинкІащ» жаІэри сыкъэгъэщІыхуащ. Арати, ди хьэщІэщым а хэкум щыщ мусЛымэнхэм кьабгъэдэкІыу делегацэшхуэ кьокІуэ, сэ сыкьалъытхьуэу. Мис а Кавказ Ищхъэрэм кьинкІар жаІэри, хьэщІэщым и Іэщ1ыщхуэм дыщагъэтІысри кьызэрущІын щІадзэ: дауэ Тхьэ фызэрельэІур, дапщэрэ нэмэз зэрыфщІыр, Кьурэным щыщ гуэр кьыщжеІэфыну жаІэри. Іейуэ сыгужьеят. Совет зэманым ЛІо, диныр щІыхуобэ кьызэрагъапщІэ щхьхъ Іэфщ, жыдагъэІэу арат. ТІэкІу сигу кьохьэжри яжьзоІэ: «ЩІалэгъуалэм нэмэз тщІыркъым, ауэ ди адэ-анэхэм ящІ». Ауэ, сыт ящІэми, зы духьэ кьыспІрахьрафакъым. ТІэкІу кьызхуэмыдагъэкІ. КьызгурыІуэркъым ар.

- Фы щІэпхьнуг кьыщпхаІам?

- Аракъэ! Махуэм тхуэ нэмэз сощІ жысІэгъэ Совет къэралым сыкьэкІуэжкамэ... Ауэ а зэманым псори фІыуэ зэрыльагъэурэт. Иджы сщІэркъым мы Щы хъурейм щекІуэкІыр. Сыт псори тэмакъкІэщІ щхьэуар? Лъыр зыгъэутхъуэ макъамэ дэуей-кьеухраеу пІэр? Е цІыхум зыхуейр ямыгъуэту ара? Хьэмэ Іэмэпсымэхэр куэд зэрыхъуара? КьызгурыІуэркъым ар.

- Фы щІэпхьнуг кьыщпхаІам? КьызгурыІуэ упсэуным щъабжьэ хуэхъур сыт?

- Си унагъуэм, мамэ кьытхипщауэ, «ЩхьэкІэхмэ, сытри пхуэзфІэкІынущ» щыжьІтІэу щытащ. УзыкІэпшІылъыжьыр хуейщ, пхуэзфІэкІым, уи ныбжьым кьеІэзгъ хуэдизкІэ спортми уэту, емылеяуэ. Уи пІэ укъинэжу, зумыужьыну хуит зыпщІыж хъунукъым: уеджэн, утхэн, угупсысэн, лъэжьыгъэ бгъэзащІэн уелІэн.Ди цІыхухэм уахьысхэн хуейщ. ЖьинкІуэт хьунукъым!

- Тхьэр арэзы кьыщхуэхъу зэманкъыхэпхыу укъызэрыгъэуелбэгъэщІыжыкІэ. ФІыкІэ Тхьэм дызэхунгъаз!

Епсэлъар
ЖЭМЫХЪ УЭ Марьянэщ.

Гъэсашэ Къазбогэт, Наталье и адэр. *1938 гъэ*

Наталье и анэ Нагимэ. *1940 гъэ*

Гъэсашэ Наталье Смоленск щыІэу. *1984 гъэ*

Африкэм гастроль щыІэу. *1979 гъэ*

СКГИИ-м Уэрэд жыІэнымкІэ и кафедрэм щылажьэхэр. *2007 гъэ*

Уэрэджьыакіуэхэм я Кавказ Ищхъэрэ зэпе уэрэ Гъэсашэ Наталье и цІэкІэ йокІуэкІ. *2009 гъэ*

Гъэсашэ Наталье институтым и унафэщІэр и гъуэгу. *2009 гъэ*

Маляроври къытщысхьыжакъым

● Футбол

«Волга» (Новгород Ищхъэрэ) - «Спартак-Налшык (Налшык) - 1:0 (0:0). ФокIадэм и 17-м. Новгород Ищхъэрэ. «Локомотив» стадион. Щыху 4200-рэ еплъыщ.

Судьяхэр Лаюшкин, Чельцов (тIурИ Мэзкуу щыщ), Березнев (Дон Iус Ростов).

«Волга»: Астахов, Ещенкэ, Белозёров, Буйволов, Джатэгъэжь, Турсунов, Кросас (Маляров, 38), Шуленин (Ахметович, 75), Джавадов, Максимов, Вацадзе (Хазов, 59).

«Спартак-Налшык»: Фредриксон, Багаев, Куликов, Лебедев, Овсиенкэ, Шаницин (Митришев, 87), Захировичь, Сирадзе (Портнягин, 75), Рухаиа (Скверниюк, 62), Кондедалов, ГъэущокIуэ.

Топыр дигъэкIащ Маляровым, 84 (1:0).

Дагъуэ хуащIащ Овсиенкэ, Шулениным, Хазовым.

«СПАРТАК-НАЛШЫКЫМ» и Iуэхуэхэр кIуэ пэтми нэхъ зэIкIхьэ. Иджыри къэ ар нэхъыбэу кьыхэзыгащIэу щытар премьер-лигэм и командэ нэхъ лъэщхэрамэ, иджы кьыкIэрыхухэми тучушхуэгъуафIэ кьащIащ. Абыхъм кьалъытэ хьуащ турнир таблицэм и кIэух уВыпIэм щыт налшыкдэсхэм Iэмал имыIэу теткIуэн хуейуэ. Икли мыIеиуэ ар кхъохулIэ. Абы и щыхьэтщ иужьрей зэIущитIыр.

«Ростов»-м ди стадионым дыкъыщыхигъэщIа иужьыкIэ командэм и тренер нэхъыщхьэ Ташу Сергей «Спартак-Налшыкым» хэту джэгугъуэ губгъуэм кьригъэхьэхэм и ныкъуэр ихьуэжащ. Ростовдэсхэм яIущIаxэм ящыщу абы гупым хигъэкIащ щыуагъэ куэд зыIущIэкI хьуэ Джуловичь, Аравиныр, Гриднёвыр, Голич, Пилипчук, Сигурдссон. «Рубин»-м пенальтир зэрыхуадИмыгъэкIрэ дзыхьыр фIэкIуэдащ Леандрэ. Абыхъм я пIэкIэ Новгород Ищхъэрэ джэгуплэ губгъуэм къыщригъэхьащ Лебедевыр, Овсиенкэ, Захировичыр, Портнягиныр, Митришевыр. Арщхьэкlэ, Крыловым и басня цIэрыIуэхэм ящыщ зым зэрыщыкиIэщи, «фэ, ныбжьыгъуэхэ, дапхуэдэу фытIысами, фи Iуэхум зыри кьимыкIыну». Апхуэдэу щыщыткIэ псори зи лэжьэкыр унафэщхэрэ - гуныр кьыхэзыхьу, джэгуплэ губгъуэм кьихьэнуэхэр зыуфзыхуэрщ.

«Волга»-ри «Спартак-Налшыкым» кьызэрефIэкI щIагъуэ щыIэтэкьым - онкоцIэкIэ ди апэ итаду дыдэ. Абы кьыхэкIыу ди щIалэхэр хэгъэрейхэм те гуныу э хьунут. Арщхьэкlэ, дэнэт? Джэгум и апэ Iыхьэм кьриубыдэу налшыкдэсхэр гъуэм зэреуар тIэу кьудейщ. Ар кьыхэзрезэгъын щIэкъым. Новгородищхьэрэдэсхэмри яхуэзфIэкIари апхуэдизщ.

«Ростов»-м дыкъызэрыхигъэщIа щIыкIэм тхьэмахуэ дэкIри кьытригъэзэжащ: джэгум и 84-нэ дакьикъым (абы щыгъуэм 83-нэм) ди хьэрхуэрэгъуэхэм топ закьуэр кьытхудагъэкIащ. КьызэрытхудагъэкIари, хьэдэгъуэдахэщ. Iэкли джэгуну жит, сантиметри 189-рэ зи лъагагъ ди гъуащхьэтет Фредриксон езым нэхъ рэзэхэщIыкIыу нэхъ лъахъшэ Маляровым щеныкъуэкъум гъуащхьауэр нэхъ Iэзэу икIи лъэрыхьу кьыщIэкIри, щхьэкIэ топыр гъуэм кьыдигъэщащ. Мыбдежым ди гъуащхьэхъумэхэми щыуагъэшхуэ яIэщIэкIащ - ахэращ Маляровыр гъуэм и деж Iузыгъэкlуэтын хуеяр. Фигу кьэдгъэкIыжынщи, топыр кьытхудэзыгъэкIам мыгъэрей зэхьэзэхуэр «Спартак-Налшыкым» хэту кьыщIидзащ, щхьэкIэ ар зыри мыхьуну кьалытэри, гъэмахуэм «Волга»-м ираташ. Мис апхуэдэущ ди командэм и унафэщIхэм футболистхэр кьыхэзрыхахьфыр.

Арати, Маляровым кьытхудигъэкIа топ закьуэм налшыкдэсхэм жэуап яхуэтыжакъым икIи иужь дыдэ увыпIэм нэхъри зыщагъэбыдащ.

Урысей Федерацэм футболлыкIэ и премьер-лигэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и тIощIрэ еплIанэ джэгугъуэм хыхьэ зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр кьарикIуащ: «**Томь**» (Томск) - «**Краснодар**» (Краснодар) - **0:4**, «**Ростов**» (Дон Iус Ростов) - **ЦСКА** (Мэзкуу) - **1:1**, «**Рубин**» (Къазан) - «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - **2:3**, «**Тэрч**» (Грознэ) - «**Локомотив**» (Мэзкуу) - **0:4**, «**Кубань**» (Краснодар) - «**Анжи**» (Мэхъачкъалэ) - **1:0**, «**Динамо**» (Мэзкуу) - «**Амкар**» (Пермь) - **3:0**, «**Спартак**» (Мэзкуу) - «**Крылья Советов**» (Самарэ) - **3:0**.

КьыкlэлъыкIуэ зэIущIэр ди щIалэхэм Налшык щрагъэкIуэжкIнущ. ФокIадэм и 25-м абыхъм кьрагъэблагъэнущ Краснодар и «Кубань»-р.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Урысей Федерацэм футболлыкIэ и премьер-лигэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэжкIри

	Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Зенит»	24	14	7	3	46:21	49
2.	«Динамо»	24	14	3	7	46:25	47
3.	ЦСКА	24	13	8	3	43:22	47
4.	«Спартак»	24	12	6	6	34:25	42
5.	«Локомотив»	24	12	6	6	41:24	42
6.	«Кубань»	24	12	4	8	32:22	40
7.	«Анжи»	24	11	7	6	27:21	40
8.	«Рубин»	24	10	8	6	31:24	38
9.	«Краснодар»	24	8	8	8	31:33	32
10.	«Волга»	24	7	2	15	22:32	23
11.	«Тэрч»	24	6	5	13	21:38	23
12.	«Амкар»	24	5	8	11	15:32	23
13.	«Ростов»	24	5	7	12	25:38	22
14.	«Томь»	24	4	8	12	18:41	20
15.	«Крылья Советов»	24	4	7	13	16:37	19
16.	«Спартак-Налшык»	24	3	8	13	18:31	17

Зэ1ущIэ нэужьым

ТАШУ Сергей, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Щыуагъэ цIыкIум и зэранкIэ

- Топ думыгъэкIауэ зэи текIуэныгъэ уиIэнукъым, жи ди джэгур ихуа нэужькIэ Ташу Сергей. - Ди жагъуэ зэрыхъунщи, дэ ар кьыдэхъулIэркъым. Куэдрэ добгъэрыкIуэ, гъуэм дыбгъэдохьэ. Арщхьэкlэ зэIущIэ зыбжанэ хъуэу абыхъм ахуэфащ щIэн кIуэх яттыфырыкъым. Ди гъуащхьэхъумэхэми арэзы дыкъащIыркъым. Мис аргуэрри зы щыуагъэ цIыкIу яIэщIэкIри, дыкьыхагъэщIащ.

ЧЕРЫШЕВ Дмитрий, *«Волга»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

ТIысыпIэр яхъуэжри...

- Маляровыр апэу зэрыджэгуар дауэ къыпщыхъуа?

- Ар Хъарзынэу джэгум хьыкьащ, фIыуэ хэзэгъащ икIи зыми кьыпикIуэтэкъым. Абы футболистыфI кьызэрыхэкIынум щэч къытесхьэркъым. ДигъэкIа топри ди деж кIуэд и уасэщ.

- Астахов зыт гъуэм щыщдэбгъэувар?

- Виталий хъарзынэу Мэхъэчкьалэ щыщджэгуати, иджыри зыкъигъэлъэгуэуну Iэмал еттащ. Ди дзыхьыр абы ноби игъэпэжащ.

- Джэгур щекIуэкIыным фи тIысыпIэхэр фхъуэжащ. Ара текIуэныгъэ къыщIэфхьар?

- КъэхъулIатэм сисуи джэгум сыкIэпхьыпхьну сыхьэзэрыщ, абы текIуэныгъэ кьрикIуэнумэ.

ТЕМЫР Дисанэ.

ТекIуэныгъэр яхуэхъумакъым

«Волга» (Новгород Ищхъэрэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (1:1). ФокIадэм и 16-м. Новгород Ищхъэрэ. «Полёт» стадион. Щыху 600 еплъащ.

Судьяхэр Автухович (Челябинск).

«Волга»: Кержаков, Риковский, Семячкин (Дегтярёв, 88), Брагин (Кохия, 75), Сёмин, Пашин, Самохвалов, Пащты (Джигкаев, 84), Ходжаев (Сорочкин, 20), Гогуэ, Бийлов.

«Спартак-Налшык»: Щоджэн, Иованович, Фомин (Щэуей Алихэн, 90+2), КьумыкIу, Мырзэ (Хэгъэбанэ, 34), Егъэн, Ковальский (Мэкъуауэ, 90+2), Сигурдссон (Къэкъуэр, 46), Тебэрды, Чочуев, Болэ (Щэуей Iэмырхъан, 69).

Топхэр дагъэкIащ Кьумыкьум, 31 (0:1). Бибиловым, 43 (1:1).

Дагъуэ кьыхуащIащ Гогуэ, Егъэ-ным, Мырзэм.

Джэгум кьыхахуащ Гогуэ.

ДЖЭГУГЪУИПIЕ хъуауэ мехьыбуэ «Спартак-Налшыкым» и щIалэгъуалэ гупыр Новгород Ищхъэрэ абы щыпэгъунэгъуащ. Зэ1ущIэм и 31-нэ дакьикъэм Кьумыкъу Алим кьыхэжаныкIри, ди щIалэхэр апэ иригъэщащ. Арщхьэкlэ текIуэныгъэр кьахуэзыхь бжыгъэр нашыкдэсхэм кьэрэ яхуэ хъумакъым. Дакьикъ пшIыкIутI дэкIри, хэгъэрейхэр щыпыткIэ гугъуэм кьикIыфащ.

Налшыкдэсхэм фIы дыдэу яцIыху «Волга»-м и гъуащхьэхъумэныкъуэ Гогуэ Гогитэ иухыным нэбгырэуэ зэIущIэм етIуанэу дагъуэ кьыщыхуащIри, джэгум кьыхахуащ. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрызыхьуащ, къэнэжа дакьикъэ пщыкIутхум нэблагъэм ди щIалэхэм зэрынэхъыбэр кьахуэгъэсэбэпакъым икIи текIуэныгъэр кьахуэзыхьыну топыр яхудэгъэкIакъым.

Арати, джэгур зэрытемыгъэкIауэ, 1:1-э, ихуащ. Абы нужьыкIэ ди щIалэхэр епщыкIуащанэ уВыпIэм кьыщыхэжащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фIыхуэтщIынщ адаей командэхэм я зэIущIэкIэр зэрекIуэкIам кьарикIуа бжыгъэхэм: «**Ростов» - ЦСКА - 3:0, «Рубин» - «Зенит» - 0:1, «Томь» - «Краснодар» - 3:3, «Спартак» - «Крылья Советов» - 0:0, «Тэрч» - «Локомотив» - 1:2, «Кубань» - «Анжи» - 1:3, «Динамо» - «Амкар» - 2:1.**

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Теплъэгъуэхэр

Гъэм и сыт хуэдэ зэманми Шэджэм псыкъелъэхэр дахащэщ. *Сурэтыр* **УЭЛДЖЫР Артур** *трихащ.*

●Iуэрыуатэ - дыщэ пхъуантэ

Цыхубэ Iущыгъэ

Псалъэ шэрыуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ

Пшынальэр бгъунльэмэ, лъэпкъыр зэуэкIытэ.

Пщы зи щыпэльагъым Т хьэ кьыщIокъу. Пщыл зыгъэпщылIыр пъэщырщ.

Пщылл пщIэнтIэпсыр пщым и фо хькIуэщ.

Пщы хабзэ щыIэкъым, уэркъ хабзэ нэхъ.

Пщым и щэIур пщылым и гуфIэгъуэщ.

Пщымыгъупщэну ухуеймэ, зэпльэкI, инэкIэ укIуэтэнумэ - блэкIар зышумыгъэгъупщэ.

ПщIэ здэщыIым насыпи щыIэщ, пщIэ здэщымыIым насыпыр щыхьэщIэщ.

Сыт зэмани езым и фащэ щыгъыжщ. Тхыдэр дерс хэкIыпIэщ.

Тхыдэр жьы хъукъым.

Уи адэ нукIами, кьуэдрэ и деж кIуэ.

Уи лъэпкъ и тхыдэ пщIэжьныр насыпышхуэщ.

Уи насыпи зыхэтым дыщэ тепхъуауэ боIьагъу.

Уи насыпи зыхэтэ щыщ пхъуантэ.

Уи насыпи зыхэтэ пщIэнукъым.

Уи насыпи зыхэлъыр, хым хэлъми, бгъуэтынщ.

Уи унэ зыщыгъасэри, Хасэм яхьихэ.

Унфl нумыпэсыр Тхьэмри кьыуупэскъым.

УкIытэ зиIэм насыпи пIэщ.

УкIытэ зиIэм щыхугъи пIэщ.

УкIытэмрэ нэхъуеймрэ щыхугъэм и дамэщ.

УкIытэм щыхур егъэдахэ.

УкIытэмшэ пэшэгъу умышI.

Унафэр Iущрэ, захуагъэ кьехь.

Унэ кIуэщым ущимыIэ нэмысыр унэ щыбми кьыщыпхьынкъым.

Унэрысыр мэусэбри, хасэ яхьихьэр мэщIэж.

Унэ хэущIэм фIыщIэ хэлъщ.

Ужейпэ, уупэщI.

УяпэкIэ мывэ хъурей бгъажжэмэ, уIуощIэж.

ФIэхъусыр щIыхугъащ, жэуапыр кьалэнщ.

Хабзэжь хэкужь кьранэкъым.

Хабзэ здэщымыIэм зэгурыIуи щыIэкъым.

Хабзэ зыгъэзащIэм хабзэ егъэутыж.

Хабзэ зыхэлъым лIыгъи хэлъщ.

Хабзэ зыщIэм и Iуэху мэкIуатэ.

Хабзэ щIэкъум хабзэ икъутэкъым.

Хабзэ хьэху махуищщи, уцIиер тхьэмахуэщ.

ХабзэмыщIэ емыкIуэхьщ.

ХабзэмыщIэ жьантIакIуэщ.

ХабзэмыщIэ напэтехьщ.

ХабзэмыщIэ щыкIейщ.

Хабзэм ирипсэм емыкIу кьихькьым.

Хабзэм кьемызэгъыр и бийщ.

Хабзэм убзэрэ Iутлъхьэрэ хэзагъэркъым.

Хабзэмыщ хабзащIэ макIуэ.

Хабзэмыщ щытхъухьым хьэгулывэмэ фо жкIэ.

Хабзэмыщ Iуэху зэлыщIэщ.

Хабзэр адэжь щIэнищи, щIыхур зэман уэсийщ.

Хабзэр бгъунльэху пъэпкъым и лъэр щIоху.

Хабзэр бзэгупжкIэ кьрахьэкIкъым.

Хабзэр гукIэ зэрешэ.

Хабзэр зэльатар ар зыгъэзащIэращ.

Хабзэр здэпшэм макIуэ.

Хабзэ зимыIэм напэ нIэкъым.

Хабзэ зиIэр хабзэ IуощIэ.

Хабзэр зым кьигупсыскъым - гъащIэм кьыхокI.

Хабзэр зымыщIэр щхьэнэщIщ.

Хабзэр зыIыгъ адыгэ тхьэусыхэркъым.

Хабзэр лъэпкъым и гъуазэщ.

Хабзэр убзэ зыфIэщIым хэупщIэнум и ныкъуэр кьеГьанэ.

Хабзэр убзэкъым, кьалэныр Iульхьэкъым.

Хабзэр фIымэ, бзыпхъэфIи трах.

Хабзэр шыбзэщи, уегъэкъабзэ.

ХабзэфIыр кьегъэжьэгъуейми, гъэкIуэдыгъуафIэщ.

Хамэ унэ иныжь кьыщофэ.

Хасэм яхьихьэм кIухьэн егъуэт.

Хэт и насыпи и бзэгупэм тесщ.

Щыхубэр зэкъуэтмэ, батэр агъэш.

Щыху зи закъуэр насыпифIэ хъурекъым.

Щыху игъэсар жьIэдалъэщ.

Щыхум кьыщалъхуар и хэкущи, хьэм игъэпъапIэр щагъашхэрщ.

Щыхум фIыуэ кьалъагъар насыпифIэ мэхъу.

Щыху хьэлынщэм езым зеукIыж.

Щыхум я неймрэ Тхьэм и неймрэ зыщ.

Щыхур емыкIуми иосэж.

Щыхур зыщIэхъуэпсыр гуГьэм кьыхуеуший.

Щыхур нэмысыфIэмэ, фIэлIыкI нIэщ.

Чэзу зимыIэ щыIэкъым.

Чэнджащэ щыгъуэркъым.

Чэнджэщыфlыр Iущыгъэм и нэхущ.

ЩыIэ зиIэм насыпи нIэщ.

Щы Iейр ящэжри, хабзэ Iейр яхьэжж.

Щэнхабзэр пъэпкъым и блэкIам и гъуджэщ, кьэкIуэнум и гуязэщ.

Щхьэзакъуэ насыпи умыльхьэуэ.

Щылъым и насыпи щыгъым ираташ.

Щымыбэ хабзэ кьыуумыджэ, кьомыджэ гуп умыкIуэ.

ЩымыIэ кьэзыублэм и анэр щыблэм еукI.

IуэрыIуатэр хабзэжьщ.

Iэхъутхьэбзэр зэхъуэщIэщи, адыгагъэр хуэщIэщ.

Iупэр напэм и хашэщ.

Анэ-адэм, Ныхьлы-благъэм яхуэгъэзахэр

Адэжь и лъагъуэрэ адэжь и благъэрэ умыбгынэ.

Адэ зэращI кьуэ иращIыкI.

Адэ лIэужьыныщэрэ лыншэ кьупщхьэрэ зэльытащ.

Адэм и гуаэзэр быным и шабзэщ.

Адэм имыльэгъуэ кьуэм елъагъу.

Адэм и щыгъуагъэ быным и мыгъуагъэщ.

Зыгъэхьэзырар

ШЭРДЖЭС Алийщ.

(КъыкIэтыныкIуэнущ).

● Гу зылыгтащхъэ

Зэхьэзэхуэм фыхэтынумэ

РИА НОВОСТИ дунейпсо Iуэхущ1ап1эмрэ Москва бзэщIэныгъэхэмкIэ и къэрал университетымрэ (МГЛУ) зэгъусэу ирагъэкIуэкI «Урысейм и журналистхэр терроризм и бийщ» зи фIэщыгъэщIэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтщ терроризм пэщIэтыным, терроризмым, лъэпкъ зэхэгъэжым, сепаратизмым я теплъэ нэджэгуащэр къэгъэльэгъуэным теухуауэ газетхэм, журналхэм, интернет къыдэкIыгъуэхэм, хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм я сайтхэм нэгъабэ жэпуэгъуэм и 21-м щыщIэдзауэ мы гъэм фокIадэм и 10 хъуху къытехуауэ щыта журналист дэжьыгъэхэр.

ЗэХЬэЗэХуэР Iыхьищу зэхэугушыхIащ: «Терроризм - тхыдэмрэ зэманымрэ», «Жылагъуэмрэ цIыху щхьэхуэмрэ террорым зэрыпэщIэтыр», художественнэ лэжьыгъэхэм (тхыльхэм, художественнэ фильмымкIэ, еплъыныгъэхэм) я рецензэр.

Зэпеуэр Iыхьитlу зэхэтщ. Ялэ Iыхьэр йокIуэкI 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 1 хъуху. Абы кьыщыхьэх лэжьыгъэ нэхъыфIэхэр.

ЕтIуанэ Iыхьэм щIидзэнущ мы гъэм щэкIуэгъуэм и 18-м. Аращ текIуэкр кьыщыхьахынри. ЕтIуанэ Iыхьэм зы цIыхум кьыбгъэдэкIыу зы лэжьыгъэ фIэкIа щыпхькIынукъым.

Зэхьэзэхуэм хэтыну лэжьыгъэхэр, ар зэпеуэм хагъэхьэну уэрыщIэпльэIу заявкэр щIыгъуу, егъэхьын хуейщ мы хэщIапIэмкIэ: **119992, Москва къ., Остоженкэ и уэрам, 38-нэ унэ, МГЛУ, 152-нэ ауд., журналистикэм и кафедрэм, «Конкурс Антитеррор»** псалъэхэр тету.

Тхыгъэр зытета газетым е журналым хуэдэу зы а псомиу щыгъужьыпхъэщ. Тхыгъэри заявкэри электрон теплъэм, doc е pdf форматхэм я файлу егъэхьын хуейщ. Заявкэм къыщыгъэлъэгъуэн хуейщ тхыгъэр зейм теухуауэ: и цIэр, адэцIэр, унэцIэр, щыпхьжьэр, и кьулыкъур, и электронно хэщIапIэр, и телефон номерхэр, зэхьэзэхуэм и Iыхьэхэм щыщу и тхыгъэр езым зыихбжэр, тхыгъэр тезыдза хъыбарегъащIэ Iэнатlэм ар зэрытридзамкIэ и щыхьэту итха справкэ, къыщыгтридза махуэр иту. УнафэщIым и Iэ щIэльу, Iуэхущ1ап1эм и мыхьурри тегъэуэжауэ.

Тхыгъэр (antiter@list.ru), электроннэ хэщIапIэмкIэ егъэхьыми а щыхьэт тхыльхэращ щыбгъэнуну. Iуэхум нэхъ зэпкърыхьауэ щыта шэрдзэ зыхуэпщI хуэнущ мы телефонхэмкIэ: (495) 637-34-02.

Зэхьэзэхуэм хэтыну лэжьыгъэхэм хэплъэн папщIэ къызэрагъэпэщ журналистхэр, щIэныгъэлIхэр, экспертхэр, терроризмым еБэна ветеранхэр зыхэт жюри. Абы хагъэхьэ дзэтэнэрэн лэжьыгъэ псоми зэпэщхьэхуэу еплъырэ, нэхъыбэ дыдэу балли 10 хъуху оценкэ игъэувынущ. Апхуэдэ оценкэхэр псори зохалъхьэжа нэужь, нIыуэ хъунущ лэжьыгъэм иубыда уэрыщIэ зыхуэхъуэ.

Финалым пхыIа лэжьыгъэхэр зи Iэдакъэщ1ап1экIэ Москва иратгъэблигъэнущ, текIуахэр щагъэлъапIэ пшыкъым. ТекIуахэм и щэнхабзэ щыщ1ап1эуэм и кIэухэм кьыщрагъэнущ РИА НОВОСТИ хъыбарегъащIэ Iэнатlэм кьызэригъэпэщ пшыкъым.

Зэхьэзэхуэ къэс апэ уВыпIущ щызыубыдэм ираташ1ынущ. Абы щыгъэ сауГьэтхэр, сом мин 80, 60, 40 я инагъыу. Лэжьыгъэ нэхъыфIэхэр щызэхуэхьэса DVD диск кьыщадгъэкIынущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТЭХР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдз), **ЖьэкIэмыхьэ Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдз), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдз), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжьыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1ап1эм - 42-26-41; сурэтхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтекуэ зэпыту щытхьам.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-р къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щыта радзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъэм елъэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдз **Къаншокъуэ Эллэ,** редактору **НэщIыпыдж Заирэ,** корректорху **Щоджэн Инэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.),* корректорэм я дэIэпыкъуэгъу **Мырэкъан ФатIимэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерур "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 19.30-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №2098